ci diggu yoon wi dañoo fàtte li ñu wutsi woon fii. Yenn saay nag dañuy rekk, di xool. Ñit ñu bari dañuy génn guddi gi di leen rey. Am tamit kəri-liggéey yu féetewoo rey leen. Ñenn ñi dañuy xaar ñu gaañ seen bopp, ñu filme ko, di ko siiwal ci lënd gi. Ag giléem ci lobi otel gondeetul kenn waaye suy lekk ay tãnkam, népp ay koy bëgg a gis. Widéwoo yi ñuy gën a xool mooy yiy wone ay ñay yu jaarale seen bakkan ciy findi-feer, ay paaka walla ay pont. Lu ëpp genn-wàll mala yiy feeñ ci dëkk bi dañuy gaañ seen bopp, di màtt seen geen, di wokk yenn wàll ci seen yaram ba daanaka day nekk yàpp wu lakk. Dañuy taxaw su ñu leen boolee. Soo jëlee rekk ñaari ginaar teg leen ci wetu fas, ñu bàyyi gaañ seen bopp, ñoom ñépp. Waaye daanaka mënul nekk. Kenn amul jotu walla palaasu dajale ñaari ginaar ak uw fas te it yàgg na lool bi ngay gént lekkandoo ceeb buñ saaf ak kenn ku mu mën a doon ndax talatul moroomam. Yàlla baax na bi nga amee sa néeg toggukaayu gaas te yenn saay nga jaxase ceeb ak leneen, *Jethro* di wéliis su xeñtoo sa togg gi. Amoo ay duus waaye am na baar bob dañ lay may nga jéfandikoo duus yi ay waxtu, fey leen as tuut ci xaaalis. Yenn saay ñu may la musuwaar yi ñuy fompoo. Walla ay téere yu màgget. Am na bés nga yàq ay xët ci téere *Quatre filles du docteur March* doonte beroon nga wàll gi Beth ak Amy daan def ay xeexi danki nees. Soo toogee diir, dawal ko, tēj sa gémmiñ, daldi yëg ni nees biy seeyee ci say bëñ. Lii mooy xew ak nees bi, bu dul dëgg tamit sun yoon nekku ci. Day gaañ, di lakk, daldi sedd. Léegi nag *Jethro* néeg bum jóge jàll ca ba des mel ni sàcc, soo sèqatee, mu ne tekk taxaw, estati *Jethro* galaase ! Da lay xool, di la xool, bàyyi la ci sa jàmm, niki taatu neen, te su wéyee di la xool yow yaay tàmbalee gaañ sa bopp, *Jethro*, kaay, wax ko ko. Muy riim, di wëlbatiku ci boppam ni nga daan def ak nees bi, wëlbatiku, wëlbatikuwaat, di miir, niki pàttaliku gu mel ni nataalam ak niroowaayam. Ba *Jethro* ñëwee ba tey nelawatoo guddi. Yaa ngi def sa kem-kàttan ci liggéey bi bu lépp nee selaw, doo dégg lu dul bali fitlali nit ñiy rey ay mala. Bu *Jethro* nekkee di lëñbët pañe bi def yëre yu tilim yi walla di yéeg eskalye bi di rëbb ay guñóor yu mu gisul, yow yaa ngi tēnk ay

téere yoo dawalalul ñeel ay yéenekaay yuñ la xamee niki ñenti « *critiques littéraires* ». *Jethro Tull* mi ngi tëddi fukki waxtu ci suba, léegi yow it noonu. Mukk laata walla ginnaaw, fukki waxtu ci suba rekk. Ci biir mbalit mi lay nelawee walla ci paxum suuf mi ci jaaruwaay bees defaragul te muy niróok pax mu ñuul mu lay warax, yow, kër gi, racoon bi, ak lépp lu des ci dundug ràññatle walla puróx ci dunyaa. *Jethro Tull*, juróomi waxtu lay nelaw, daldi yeewu te du am coono, tàyyelul, boole ñaari loxoom, daldi sëlmu. Yow, nga defar sa kafe, di tóx sab sigaret ci sa kow lal. Nga koy xool muy daw ci kër gi, nga koy xool ci palanteer bi, nga koy xool bégul, nekkul, nga koy xool daldi yaakaar ne moom it mi ngi fàttaliku nees bi, bi muy tëb, àll bi, weñ yi, ban bi, ak li muy yuuxu, di riim ndax li mu gis lekk, di riim ak a tëb ak mbégte, mbégte dëgg. Ci biti gi amul lu dul ay dëkkuwaay yu booloo, ab tabax bu sori, jali mbalit, ay njoowaan yu kenn nekkul laata yeneen mala di ñëw. *Jethro* ngi xoos palanteer yi ak miir yi. Di yuuxu, màtt la. Nga ni ko *Jethro*, di jéem a jàpp boppam bu ndaw bi, xolu taw bi ànd ak ngelaw, waaye muy mbow, xosi la daldi màtt ay baaraamam. Nga daldi woo kiñ jàpp ne mooy sa far. Waxuleen ci tàng-tàng bi waaye dangaa ragal te bëgg koo waxal. Nga nettali ko ne *Jethro* dafa doy waar lool. Mu ni la seku bi jógul ci di ko wax *bëgg naa la*, *bëgg naa la ci tubaab*. Te waat na ne laata loolu mësu koo làkk tubaab. Nga ne ko mu ñëw sa kër waaye dafa am xel-ñaar, nga ne ko mën ngeen a daje ca jaayukaayu kafe ba. Tey demoo duus. Sa far wi indi seku bi ci kafe bi, nettali la ne dafa door di buddi ay laafam. Am na pax ci der wi yu xooraa ak baam. Seku bi mënul dugg ci kafe bi, ndax ci biir dafa bari ay jaan te bëggul jaan. Nga wax sa far wi ne dangay sori tuuti, daldi saw li nga mën ndax kenn xamul kañ ngay mënatee saw. Nga jëfandikoo tuuti ci Finnegan Wake, loy yi taxaw ak saw mi, nga daldi xam lenn ci téere bi loo mësul woon a xam. Ci làkku tubaab, Shem ni la : *bëgg naa la*. Shaun ni la : *bëgguma la*. Nga wax sa far wi mu indiwaat seku bi ci kër gi, mu daldi lay xool ca béréb bu sedd ba te oyof. Yéen a ngi dox, jàppooy loxo, di xool xaj biy romb ci welo ci juróom-benni waxtu,

ak tamit ndaw si dëkk ci balkon bi tey dunde pepp yu picc yi. Mbëfër mi, mu njoowaan mu xomaat mi ci toolu mbooloo mi, di la xool, nga saw tuuti ci sa kow. Dangaa yore feebaru ñàkk mën a tëye sam saw. Waaye baax na ndax day tax ngay saw yenn saay te doo ko tay, su ko defee doo soxla di jaabante ca kafe ba. Te *Jethro* dafa sopp sa xetu saw, xam nga ko ndax suy romb, jege la, day laxasu ci say tànk, du yuuxu, du onk, du mbow. Te daanaka kenn du ko seetlu. Su ngeen egsee ci kër gi, sa far wi day dóor boppam suy dugg, seku bi daldi daw ci pax mi ci suuf si, tëb, xool ko, di wëbatiku mel ni ca pecc yu njëkk ya te reetaanlu. Dafa xaw a doy waar. Ca ndoorteel la, *Jethro* gaññ, waaye su seku bi yéegee eskalye bi rekk daf koy topp, su ko defee ñoom ñaar ñuy yéeg ak a wàcc ci lu gaaw, mel ni ñaari xale yuy fo, ñaari xale yu ndaw yuy door a mës a gis nees, di tëb, di daw, Beth ak Amy ci tefes yi ci xëti *Quatre filles du docteur March*. Yaa ngi fàttaliku po mi bi nga nekkee xale, yaak sa maam, dangeen daan yéeg ak a wàcc eskalye kër gi di seet ay darab ngir def tànt ci tool bi. Ci àjjana jii, béréb buy gën di réy ci sag pàttali, réy ba am ay bunt yu mag yoo mënul sax jege, àddinay takkndeer, sa baatu maam biy awu, dencukaayu lekk bi fees ak lekk ngir èllëg, pepp yu sedd, konfitiir ci booli weer, « *radi* » yuñ safal. Bi nga koy mujjee gis dafa gumba woon te tëx, waaye da daan jël nees ci suuf si di ko yëy ndaxte da ni woon lolu rekk a ko dese ci àddina si. Gis nga sa far wi fu dul sa kër, cim xunt, ci àll bi ngir reetaan. Mu ni la : maa ngi jéggalu. Gis naa benn apaartmaa ci goxu lijjanti yi. Mala yi egseeguñu foofu. Seku bi ne ko : *bëgg naa la, bëgg naa la*, di ko baamtu. Te suy buddi ab laaf, *Jethro* day laal gémmiñ gi ak loxoom yu ndaw yi, ñu àndandoowaat di daw ak a tëb, daldi fàtte liñ doon xool. Sa far wi tëj na bunt bi, dem. Ci biti gi, am na nees walla mu ñàkk ko am, amul solo. Àddina si dafa yàgg, tekkeetul dara. Nga ne seku bi : Arnoldo, Arnaldo ngay tudd. Nga yóbbu ko ci miir bi sës ngir natt ko : juróom-ñient-fukki sântimeetar ak juróom-ñaar. Nga defar kafe, di tóx ci kow lal bi. *Jethro* ak Arnaldo di daw ak a tëb wër pax mi ci suuf si ak eskalye bi nga xam ni léegi ban la, ay weñ ak riir ak neefere ak car

yu ñuy nekk di sos ñoom ñaar ci ëllëg gii dul dëggantaan te nga moom ko. Guddi na lool te bali fitali nit ñiy rey mala yaa ngi awu. Arnaldo daanu ci eskalye bi, *Jethro* tiit, daw jëm ci yow, màtt sa lex, mu metti, di lakk, sedd ni nees bi nga dul laalati mukkk te *Jethro* mi ngi lay xool ak lu niróok coono walla ndof, te gis nga ciy bëtam say guudi yu mujj ci suuf.



# Bouddha bu neex

---

*Liliana Lara*



Eskalye bi, ñu ngi ko defaree tata bees toppandoo waaye estati bu ndaw bu nētëx bi te wërngëlu moom doj la, doj dëggëntaan, firnde li mooy bi mu daanoo ba ñàkk ci t ànkam bu réy bi. Booba lanu gis ni ci biir tamit dafa nētëxoon, du woon palaatar bu weex buñ pintiir nētëxu bitéel, ni ko Melisa yaakaare woon. Sunu maam ju jigéen moom mësul am xel-ñaar ci yàllaam ji walla ci taal bu xeme bi. Mësul xalaat muk ne estati bu ndaw bii defare nañ ko leneen lu dul doju « jade », doj bu am maanaa bu nētëx bu réewum Siin. Ndaxte dëkkandoom ba, soxna si Lon ci boppam moo ko ko indiloon. Daanaka dunu gis muk soxna si Lon ma daan nekk saa-su-ne ca waañu jaayukaayu lekk ga te la mu fa daan génne néew lool. Waaye nag génn na ko bés ngir mën a dem fu sori lool, indaale bouddha bu ngand bii ak t àngal yu saf xorom ànd ak doomu-koko yu kenn mësul bëgg te muj gi Maam jël boyetu weñ ba di ci denc ay garabam. Kan moo mën a wuutu soxna si Lon diir bam demee réerji ca àllu Siin ba ?

Ay at ci ginnaaw, benn bés Melisa bind na ci kippàngo doom-bàjjen yi ne Maam moo indil boppam estati bu ndaw boobu ak t àngal yi ak biddaa bi ci biir bi. Dees koo waroon a raay ngir am alal. Alal moom xalis la, xalis bu takku sax, moom la Gabriela waxoon. Bés boobu, bi Maam nettalee lépp ba pare, dafa teg bouddha bi ci kow taabal ju ndaw ji ci niwo eskale bi. Céy Gabriela.

Kon saa-Siin booboo ko indiloon bouddha bi jëlee ko Siin te tamit looloo taxoon mësul a am xel-ñaar ci doju « jade » biñ ko defaree. Looloo taxoon nun, it, mësunu koo weddi doonte Melisa mu ñaaw làmmiñ mi bëggoon naa yàq sunu xel. Gëmoon nanu estati bu ndaw boobu, danu daan raay biir bi ndax mu may nu xalis. Danu daan wax xalis, xalis, xalis, teg sunu loxo ci biiram ak sunu we yu salte ba muy mellax. Booba lanu waroon a xam ne doju « jade » la ndax lun ko raay-raay du tax mu ñàkk meloom, day tax sax mu gën a mellax, nekk nētëx bu xóot. Ba mu ñàkkee t ànk ba nag, Gabriela daa wéy di raay tamit « t ànkam bi damm », ni mu ko daan waxe ci lu jëm bérébu ñàkk bi, taxoon nu yaakaar ne moo sooke ñàkkam googu, liñ dagg t ànk bi. Lu aju ci t ànkam bi, t ànk bi mësul feeñ.

Fukki at ñaar la Melisa amoon ; xamul woon dara ci sunu toroxlu gi walla sunuy po ci eskalye bi, fa kër Maam. Xéy-na looloo taxoon bu daan baamtu naan estati bi du « jade » dëggantaan doonte noo yem : kenn ci nun xamul luy « jade » dëggantaan. Day niróok wurus bu nêtëx, la Gabriela daan wax. Na mu ajoo woon ca kow taabal ju ndaw ja ca niwo ba, diggante ñaari eskalye, bouddha bi daan na nangu sunuy ñaan yi gën a nëbbu. Walla nëbbuwul woon noonu : xalis, xalis, xalis. Weccit yi nu daan fekk ci suufu poos yi, weccitu fuur ba ñu bàyyi woon ci kow taabaalu waañ wi, weccit bees weccook bëñ, weccit woo fekk ci sa tenqu nijaay wu ubbeku. Walla sax xalis bi ngay for ci mbedd mi : su nu daan dox, ci suuf lanuy xool te fàww dara feeñ.

Li muy tóx di nëbbatu doom yi yépp, Melisaa ngi bind ci kippàngoo doomi-bàjjen yi di laaj ndax noo ngi fàttaliku bouddha bu nêtëx booba nu daan fowe bin nekkee xale. Mësul woon a bokk ca sunu po yooya, mësul gëm nitu xeer bu mag boobu, waaye léegi mi ngi naan Gabriela mu dem jëli ko te dencal ko ko fenn ba ba muy mën a tukki jëlsi ko. Fépp ci àddina si, nun ñépp jommi ci bataaxelam bi, waaru ci laajam bu doy waar boobu waaye mennum Sofia sañ a wax ci kow li ñépp xalaat noppi. Sofia gaawtu bind ko : xoolal, yow, mësoo bëgg mbir mii. Daanaka mëneesoon na dégg baatam. Li gënoon moo doon mu noppi : kenn mënatul tëye kippàngoo doomi-bàjjen yi, mesaas di dem ak a dikk, te man moom wax dëgg Yàlla, ragaloon naa Melisa toj, di yónneeti ay nataali dënnam bu fees ak i tëndëndiir walla lenn lu ni mel, ni mu ko defe woon, bés, fekk nun ñépp iy nettali ay xew-xew yu amul bopp, amul geen, mu xépp nu benn *am ngeen sās bu daan yëgle musiba mi ci topp*. Ndaxte moom mbiram moo doon dund metit ba noppi di woo metit, naan : bi mu jógee ci takku xawma kan ànd ak faram, dañoo génn rekk ay takk-der dogale leen, gëm ni dafa nëbb dorog ci sitin ngoosam. Ñu koy làmbaatu ba dënn bi mujj am ay màndarga yu fés. Laata muy dem Venezuela la woon. Nataal yi wonewuñu woon yu sew yi waaye doonte lu ni mel mënoon na koo dal, kenn gëmu ko woon. Sofia gaawtu bind : lii daal doy na waar, làmbaatu

gii ak tëndëriir yii. Melisa, mer ba futt, tontu ko : Lu ci doo waar ? Gabriela daldi kaas : waaw su doom ji jëloon telefon bi ngir fo yem ci nataal yu raglu yi, lu mu koy wax ? Melisa tontu ko : kañ lañ doon bàyyi telefon ak ay xale ñu ciy def lu leen neex ? Lu tax saa-su-ne ngay daw janook dëgg gi ? Dangeen a gumba, dangeen a yaakaar ne lépp mbëggeel la, ndam ak taar, dof yi ngeen doon.

Te Melisa menn mi mooy feyu léegi bouddha bi, doo na waar.

Lu tax kenn yërëmu ko woon ci dënnam biñ pamti-pamtee ? Lan moo taxoon nu bàyyi ko ci kanamu seetu boobu, mu taxaw fa ngoon gi yépp, makiye bët yi te amoon fukki at ak ñaar rekk ? Dafa nemmeeku woon ay sikk ci moom ci boppam. Su mësaan xool boppam ci seetu booba daan yokk, di gën a gis ay sikkam. Bën-bën yu ndaw yi ci der bu tooy bi, tomb yu ñuul, bakkan bu tàpp, ay bën yuy niróok si (daggukaay). Daf daan makiyewu ak a wat yéen, di génn ci teeñ yu mujj yi ci ngone. Daf daan xool ay sikkam dëgg ak yi muy sos diir bi nga xam ne nun, nu ngi doon wéy di rafet, rafetaay biy ngone ak péex di maye. Sori seetu yi. Danu daan fent ay po ci niwo eskalye bi, ak bouddha bi, ak piyaano bu ndaw bi bu yàqu bi, ak ay kàrti español, ak ndox mi, moom muy gën a suux ci seetu biy yokk mel ni kanaara-géej buy sóob bopp bi ci dex gu am poson, su ko defee mu dugg ci musibam yaram wu soppeeku, kawar yu dëgër, gémmiñ gu wow. Mala bu raglu bu dex gu ñuul gi. Melisa moo génoon a rafet ñépp waaye xamu ko woon. Nuuru ci ay sikk yu kenn gisul yoy seetu bi da koy yokk.

Yónneegul woon bataaxel yu tàng yi muy bind su merree ba futt waaye xamesoon na ne léegi mu tàmbalee bind yu ñaaw, ak di yónnee ay bataaxel yu gudd a gudd walla ay ndëggat, ngay dëgg doom yi ci suuf. Ñaari xale yu yarediku, déggguñu woon español te kenn mënul leen a woon nànd. Moom sax mënu ko woon. Bouddha bi daal la bëggoon, wow ci. Bari woon na lu am ci kër gi, ay mbir yu mu moom, yu mbooram moom, ak ngoneem, te daf leen a bëggoon a am ci wetam. Sofia, mu gaaw mi ni mellax, da koo weddi, ni ko :

xoolal, sunu ngone la woon, nun ñépp. Te Sofia moo ci gënoon a nekk xale te fàttalikul woon yenn mbir yi. Gabriela, moom, moo leen war a yemale moom mi amoon xalaatu sos kippàngoo gi ngir bañ a wéet ca Caracas, léegi nag nun ñépp a sori, tasaaroo ci ñenti ngelaw yi. Melisa di wax ak a waxaat : ngoneem la. Bouddha bu doju « jade » bii walla leneen lum mēnti doon, te mēsul a fo ak moom ci bër yu mujj yu weeru ut yi mu defe woon kër maamam, ngoneem la woon. Li nga waroon a laaj kay mooy seetu booba daan yokk nga daan ci seetu guddeek bëccëg, bañ a fo ak nun. Damaa bind rekk, daldi tëjj telefon bi. Na tontu lu naqari li dal ñeneen ñi. Mēnuma woon a wéyal sama jot ci coowu njaboot gi. Bu dee man rekk, mēn na jël lépp. Fa ma féete ca geneen wet ci àddina si, guddi na bu yàgg te fileek i waxtu damaa waroon a jóg liggéeyji. Moo tax ma tēddi waaye damaa wéy di xalaataat mbirum bouddha bii daan muuñ.

Waaye nag, Melisa mēsul woon a fo ak bouddha bi, xamul woon dara ci reetaanam googu ba fàww, ci seddaayu doj wi, ci pax yu ndaw yi ci biir doj bi te fees ak pënd doonte nu ngi koy raay. Waaw, su pënd bi jóge woon Siin nag ? Su dee noyyi koo doonoon tukki bi gën a réy bun mēn a def ? Jamono jooju mēnunu woon njort dem ak dikk yi ànd ak dund gi. Daanaka daawunu woon gis saa-Siin bi ndax saa-su-ne ci waañu jaayukaayu lekk gi (te am turu nink-nanka) la daan nekk waaye daan nanu gis doom yi. Góor ak jigéen yu daan xeeñ kanel. Ci ètt bi ci ginnaaw lañ leen daan gis ñuy fo ci diggante bitéeli gaas yi. Èttu ginnaaw bees tabaxe simaa, amul dara lu nētëx. Lépp a yoroon melo doomu-taal, ba ci bitéeli gaas yi. Danga leen daa gis soo nekkee ci taax mi, fekk Maam bàyyiwu nu xel. Bëggul woon nu fay yéeg ndax guddaay bi, saxaar su ñuul yu oto yi ak yeneen. Melisa xamu ci woon dara ndax da daan defar bopp bi foo ko fekkaan, di nu daw, di nëbbētu di makiyewu. Maak Gabriela ak Sofia noo daan woo saa-Siin yu ndaw yi ak ay yuuxu, ñoom it ñuy yuuxu jēme ci nun. Moo doon sunu po ba Maam dàq nu ci taax mi ak baleem. Su ko defee nu dellu ca eskalye ya ku ne di neexal bouddha bi yaakaar ne dina la may xaalis, ngay xalaat li nga ci waroon a jënd. Ngoon si yépp danu daan raay biiru « jade » bi. Xaalis, xaalis, xaalis. Danu daan fo ci

pintiir, di tëb walla leneen lum mënti doon. Saa-su-ne ci peronj bi, ci suufu tata bu sedd bees toppandoo, muy ci kow mbaa ci suuf.

Waaye bouddha bi du woon Bouddha, du woon bu dëggëntaan bi, ab làbbe buy muuñ, tontoom yépp muuñ la walla xàqtaay, da daan yor benn saagu mbuus bu deful woon dara waaye lépp a ci mënoon a génne. Xéewal. Maam a ngi téye ci loxoom benn téere Conny Mendez, mu ne : ci biiram la daan jële mbégteem. Ab làbbe bu pataa, yaram wi fees ak ay ndombo, mbubbam mu gätt mi sax dafa lemu woon. Ci lem-lem yi pënd bu bari bu bawoo fa Chine. Woy wii *Dans une forêt de Chine lanu daan woyal saa-Siin bu ndaw bi su ko mag ji mësaan bàyyi moom rekk ci diggu betonj bi ak bitéel yi*. Am na bés mu ñëw sol yère ñiy joxe lekk ci restaurant yi, daldi nuy nataalal benn pitax, mer ndax dan ko doon reetaan ak yèreem yu èpp. Bi loolu weesoo, gisatunu ko ci èttu ginnaaw kër gi, rakk ji di fo moom kenn. Danoo waroon a rawale saa-Siin bu ndaw bi ci àllu betonj bi, nu pèrye ko nuy fo ci diggu eskalye bi. Danu koo yónnee kayitu pèrye laxas ko ci ay egaat, nu won ko bouddha bi. Gabriela dafa yaakaaroon ne bouddha bee taxoon saa-Siin bu ndaw nangoo ñëw ci nun waaye dëgg-dëgg loolu soxalu ko woon. Dafa réer ci biir seetu bi, ci bëti Melisa yu réy yi : dafa bëggoon makiyewu niki Melisa, bëggoon Melisa ubbil ko bët yi ak maskaraa. Daf doon wax saa-Siin bu Maracaïbo la. Moo nu magoon waaye daa mel ni woon xale bu ndaw.

Nu dellu ci sunuy po. Saa-Siin bu ndaw bi bokkatul, ak Melisa tamit ak ci lu wér saa-Siin bi nataaloon pitax mi njëkk ci sunuy dund ba noppi ne mes, ak colam gu yiw : pantalonj bu ñuul, simis bu weex, kàrne bu ndaw ci poos bi, xalima ci ginnaaw nopp bi. Gabriela nee woon na gis na ko muy séddale lekk ciy taabal bés ba mu gunge Maam mu jënd ceeb bu muy yóbbu te kooku di dof-doflu ngir bañ koo nuy. Ci kow taax mu wéet mi, deesoona na gis àllu betonj bi kenn nekkul.

Nu dellu ca bouddha ba. Xaalis, xaalis, xaalis. Dinanu jënd ay nataal yu nuy dajale, dinanu feesal defukaayi nataal yi weesu ak yiy ñëw, dinanu tukki ak neexal bi te dinanu réeri ci benn àllu Siin ànd

walla bañ a ànd ak saa-Siin bu ndaw bi. Biiru « *jade* » bi da doon mellax, sunu loxo yi doon xeeñ ñaq ak pastel rittaxal ko. Waaye Melisa, moom, lu mu ci xamoon, moom mi daan réer ci seetu bi, bëgg a dindi piccam yu ñuul. Seetu bii di yokk, bêtam yu nêtëx yi di niróok yu muus mu mag. Da ci daan nuuru, réer cib saawo bu bėti muus ak ay tóor-tóor mel ni ay jaaro. Ay doxalini mag, dëgër, naxante. Ay waxtu di xoolante te duñu gisante, walla mu gis ki mu war doon ëllég. Sori woon na nu, wóor na. Sori ay xariti daaraam. Sori kërám ak ay waa-juram (daanaka séqul woon dara ak ñoom). Ci gàddaayu bër yi kër Maam. Daan na makiye saa-Siin bu ndaw bi, waaye terewul mu géeyoon. Ñàkk weeri sulet ak ut.

Bër yi dañoo guddoon lool ci Melisa, gàtt lool ci nun. Saa-su bataaxel jóge woon ci moom, fàww sama xel dem ca bėti muusam ya ca seetu ba daan yokk. Damay moytu di ko xool bu baax ci nataal yii, ngir fàttaliku ci moom lu dul boroom bêt yu nêtëx yuñ makiye diiru bër yim mujjee ci sunu maam ju jigéen, ay at ci ginnaaw. Sofia yaakaar ne faram bee koo ko defaloon. Am na jamono, noo daan nekk saa-su-ne waaye weeru ut a nu teqale : moom ci biir seetu bi, yenn saay muy laxas kawar gi, yenn saay mu mees ko. Man ci genn-wàll eskalye bi, ci béréb bi nga xam ni guddul, gàttul, mu ngi ci diggante bi, may digal doomi-bàjjen yi féete ndaw. Daawunu woon xoolante muk, maak Melisa. Xanaa rekk bêtam yu réy ya ci wërngalu xalis ba su ma daan génn sama diiwaan dem duus ya. Gabriela sasu na dem jéli bouddha bi. Gabriela mu baax mi, nangoo sonn ci nit ñi te mën a dox tàñki jàmm.

Gerardo, sunu doomu-bàjjen, moo dëkkoon kër Maam, mook ay xaritam. Géēju buum la woon ak ay ordinatëer. Ak ay desiti sigaret, ak ay kaneti sàngara, ak dóom ak naano ak ay mbuus yu niin yu def ay neem ak soosu suukar bu forox bu waxtu yi dëgërël ak leneen lu ma xamul. Ak sax ay pompi feebaru asma, waa-waaw. Gerardo tontuwul benn yoon mesaas yi ko Gabriela bàyyiloon laata muy dem. Ubbil na ko bunt bi daal tuuti, wax ak moom ci diggante bi. Boppam beek sikkimam yépp a dër. Te bi mu

nekkee xale kat... Mu ni kër gi daa jaxasoo, na dellusi bu subaa. Waaye Gabriela daa puus bunt bi ak doole, daldi dugg. Toogu yi yàqu, xaj yi la walla muus yi (doonte mèsu faa gis xaj walla muus ba mu fa nekkee). Tablo ya ne mes (rafetuñu woon, piirewuñu woon, yaakaaruma ne da leen a jaay, ginnaaw gi loolu la bind ci kippàngo gi). Waañ wi daa niin mbatt (moone kenn toggu fa, nees ko mēnoon a njortee soo gisee kàrtoŋi pizza, bàrketi lekki Siin yi, mbuusi palaat yi ñuy jënd-yóbbu). Waaye nag, ci saal bi la li ëpp ci ordinatëer yi nekkoon, lépp a doon tàkk, di nes-nesi. Ay fiil yu laxasoo rekk lañ te li wax jiy bari lépp dafa mel ni jaxasoowuñ.

Mu ne : ban bouddha ? Mèsu ko woon a gis. Du tey, du lu jiiu tey. Xale la woon te deful dara ci sunuy po. Dara la jotewul woon ak nun. Du ci eskalye yi, du ci seetu bi. Ana ku xam fu mu defee ndawam. Léegi mu ne ngi faax ci kër gi, nekk boroom mbiri kër gi, moomaale sunu ngone, nun ñépp. Melisa ne : samag ngone. Sofia ne ca tonet : sunug ngone. Gabriela dafa bëggoon a dox jàmm, wax leneen, du caagénu li mu sos kippàngo gi ba noppi di jéem a yemale ñaari doomi-bàjjen yépp, ku ci nekk da koy yónnee xaalis, muy dunde. Man moom awma woon lu ma yónnee kenn.

Waaw, Melisa, lu muy doyee bouddha bi ? Lii la Gerardo laaj bi muy gunge Gabriela muy wër estati bu nētëx bi ci kër gi yépp. Dafa door di wax : Su fekkee ne... waaye eggaliwul. Waxul xalaatam ci Melisa ak yi mu naan da koo feeñu, soo demee yàmbaa ji lay nëbb walla mu ragal bëti Gabriela yem ci yenn ruq yi. Ordinatëer yi di riir, foo tollu di leen dégg, su defee ab diir, am waa ju kayan-kayan wóorlu dara ci kow. Ci kow àlluwa lañ leen tegoon te yenn yi rekk a amoon seetukaay. Amoon na tamit ci kow genn-wàllu eskalye bi, Gabriela moo nu yónnee woon nataal bi. Su fiil amul, kuraŋ amul, duñ am njariñ te xéy-na dañ leen iy sànni. Saami weñ yii ci sama béréb bu sell bi, dànd gi ma nekk lingeer di sàmm estati « jade » bi bu làbbe bi nekkul woon Bouddha, waaye da daan yéeg ak reetaanam ci kow musiba yépp, xiif, naqar ak balaa waaye da daan nangu sunuy ñaan : xaalis, xaalis, xaalis.

Laaju Melisa bi jotewul woon lenn ak lu ko feeñu, dafa bëggoon a fitnaal nit ñi rekk. Moom bala muy jéem a teg loxo sunu bouddha bi, tee moo yónnee wërlu seetu ba nga xam ne ci biir la réeroon. Melisa ci diggu seetu bi ak li mu gisoon ci biir (deesu ko xam mukk). Bëti muusam yi, reetaanu dof gi, bëñ yiy nirook si (daggukaay), metitu dagg xef yi, xéy-na. Nataalam bu réy ba jéggi dayo ci seetu bi ngoon gu jot ci weeru ut wii mujje. Dama ko daan séen, yenn saay daan na ma bëgg a makiye waaye mësul nekk. Yenn saay tamit mu réccu powam yu njëkk ya, waxtu ya nu daan nekkandoo bër yi weesu. Moom it, daf ma daan catal bët ci seetu bi su ma daan dem ca duus ya walla may wàcc ci waañ wi. Soo xoollee bët yi, dafa wat yéen yi, rëdd leen palmaan, ni dënnam mel ci nataal yi. Mënees naa wax ne danuy daje ci biir seetu bi ci lu gaaw. *Dans une forêt de Chine, saa-Siin bu ndaw bi dafa réeroon, ni ma réere man tamit, nu daje, nun ñaar. Sunu ndaje nekkoon ferñeent mu gaaw. Ferñent mu gaaw moomu ci ay bêtam, ci samay bët, mujj fay ci suufu faar bu palmaan. Booba la nekk keneen, di gën di sori sunu niwo. Mësul dellusiwaat tamit weeru ut.*

Gabriela gisul bouddha bi, walla boog loolu la nu bind ci bataaxel bu bari màndargay jalu. Kër giy riir, fees ak i buum, soos bu wex bi. Ay takndeer yu daan génnee ci néeg yi, ay xariti Gerardo. Dafa yónnee ndéggat lu gudd, wax ci li mu nekkee ci yoonam. « Yëkkati » woon na xeer bu ne, na mu daa wéyee di yëngal mbir yi tax na koo delloo lu ne fa mu nekkoon. Gisul woon sunu bouddha bi, Melisa du ko moomati, kenn du ko moomati, nekkatul woon fenn, da ne woon mes. Gerardo mësu ko woon a gis, xéy-na laata muy sanc ci kër gi, am na ku ko jëloon ndax « jade » bu nêtëx bu am solo bu mag boobu jóge woon Chine. Gabriela wër na ci tirwaar yépp ak dencukaay yi defoon ba tey bagaasi Maam yi, dëkkaaleek fiil yi ak ordinatëer yi, waaye gisul woon dara. Mënumaa bañ a xalaat « tànkam bu damm bi», loxo xaleem yi di raay ak a raayaat kuuñ bu nêtëx bi ak gacce waaye binduma ci dara. Guddi jot na bu yàgg te fileek waxtu yu néew damaa war a jóg liggéeyiji.

# Pool bi ak jàppukaay bi

---

*Nicolás Melini*



Ku jigéen kee gënoon ku góor ki. Tanewu ko woon lool sax, waaye daal, naka lees di gam-gamlee. Li mu nekkoon saa-Españañ rekk joxoon na ko gëdd ci àddina si, te xamoon na ko. Rax-ci dolli amoon na ay sañ-sañ, am liggéeyu boppam, amoon mécce. Nit ku moomoon boppam la. Nii la deme woon. Ci geneen wet gi, kee moom ab jaaykat buy topp mbedd yi la woon. Ci mbedd mi lañ xamantee muy jaay. Ménees na ne jaaykat la woon ci mbeddum Orense, daanaka ci buntu kër ndaw si fekk mu doon liggéeyiji fu soriwul dara, cib biro bu tëje... Xamoon na mbooloo mi Bouze daan jaay, ndax moom ci ñooñu la bokkoon. Amu ci lu muy laam-laame. Méneesu woon a njort ne nii la njoolee woon, am doole, baax. Soo ko jege waan ngir ay laaj ñeel saagi màrk yooyu, bàyyi ginnaaw njort lu ñaaw, bépp tuuma ñeel ko (walla boog su dee tuuti), dangay gis ni nit ku baax la. Moom it, ngir rafetal, da daan muuñ, di wax ak baat bu xuur bi, bu lay dugg, booleek i yàq yu mag ci nëwu ak tëggiin. Waaye ku oyof la woon, dal, am faayda, li daa lëmbaaje jigéeni españolañ yi daan taxaw di xool saag yi. Kumpa gu fësoon la ba méneesu koo bañ a bàyyi xel.

Dafa waroon a yewwu ci li mu amoon, tëye ko bu baax. Moo tax ndaw si daan ko wax : bul tas sama yaakaar, xoolal bu baax li may daj ci yow. Waaye moom da daan taxaw rekk mel ni kuy xalaat : looy wax nii. Ndaw si ci boppam gis ne mu ngi koy gëtën, ba daan ko sax tëkku waaye li ci doyoon waar mooy wàññiwu ko woon dara, walla mu doon safaanu la mu bëggoon, far. Da daan tax mu koy sori te su ko mësaan sori, daf daan bëgg mu kott ko ak yàkki, ndaw si daawul bëgg jamono ju tuuti jooju ci seen diggante rëcc ko (doonte daawul bàyyeeku). Fàww mu doxale woon noonu ndax bañ koo won ne da koy yëngal, moone jaru ko woon. Ginnaaw moo ko gënoon, (déédéet, du woon loolu), daf koo noboon ba dof.

Suba soosu, Bouze da ko doon gaaral ni ko bëggu ko bu baax. Mu metti woon ko lool ci xolam. Waa ji dafa jàpp ne kooku sonnul ngir jàppale ko ay këyitam jaar yoon ca Españañ. Beneen yoon daa jaar ci digg bi : Elena, duma sa jëkkër. Naqari woon na ko.

Lan la waa ji bëggaatoon ? Ndaw si toog ci catu lal bi, di xool li ko wër, dëkkuwaay bi, ndax da koo joxul ko dund gu kowe njortam ? Waa ji taxaw fi mu taxaw. Waaye ndaw si mënul woon gëmm bët guddi gi. Ñenti at ci ginnaaw la ko dalaloon këram, kër gu baax ci diggu bérébu njaay. Suba si, waa ji day wàcc jaay ci palaas bi; su póliis daan dàq jaaykati Afrig yi, moroomam yi daw, moom kepp daan làqu ci bunt bi. Da daan yégg ci dëkkuwaay bi, toog fa, dal. Lenn rekk la ko ndaw si nanguwulooon mooy bu mu ñibbisi fekk njaay mi ci biir. Waxoon na waa ji mu seet béréb bu mu denc njaay mi ndax day ragal mbàjj mi jaxasook saag yi ci tasaaroo ci parquet bi. Doonte laajul woon palaas bu mag, njaay mi tege woon na ci suuf ci tali bi. Bëggu ko woon fii.

Li ko waa ji déggaloon neexoon na ko. Du caagénu jébbalu walla ragal waaye yar la woon. Lépp lu ko ndaw si mësaan wax, mu def ko doonte yenn saay du ci ànd. Waa ji xamoon na ne daf koo war a def. Waaye yenn saay dina won ndaw si ne dafa éppal, te na bàyyi di ko wax lii walla lële. Su ko defee mu tiit. Dafa ragal waa ji bañ koo nànd. Waaw, su dee waa jaa ngi dund metit te bëggu ko koo wax, bëggu ko koo won ndax yaram ? Mbir yaa ngi dajaloo te dinañ mujj ni jamet sa kanam, doo xam looy def walla fekk mu wees. Te ndaw si bëggul mu weesu ci ñoom ñaar, mukk ci àddina.

Bés ndaw si mës na ko ne : puróx. Waaye loolu tamit niruwul woon lu ko yëngal. Mu jéppi ko ak ay tuñam, def riir miy saa-Senegaal yi di wone ne « doy na ». Mu metti lool ndaw si, mu saaga ko woon sax moo ko doon gënal waaye su jëfandikoo mbatitam, day gis ne dees koo beddi, kuñ dàq. Jéppi gi ko waa ji jéppi gën a réy ci moom. Mënul woon tontu lu ni tollu. Su ko doon toppandoo (doonte jàngal na ko naka la) du def lu dul gën a xeebu.

Waaye loo bëgg... Ndaw si ak jëmmam, ak lépp li mu am, dafa waroon a nekk, dëggantaan, gënt ci waa ji. Waaye nirul woon ku bég (āhākay, niru woon a ku bég waaye bégul woon dëgg-dëgg). Daf daan fexe ba ndaw si yaakaar ne dafa nay te moone mu ngi ko

daan defal lu ëpp lu ko ku mu mënti doon mën a defal. Waa ji da ko daan wax : ginnaaw ñenti at ma nekk ak yow, dara soppikuwul ci man, gisoo loolu ? Waa ji dafa xatoon. Ndaw si ne ko : am na lu soppiku ci yow ndax maa ngi fi. Bi nga ma xamagul woon, nekkuma fi woon. Daa na metti waa ji waaye li ko daan gën a metti mooy bi mu xamee ni Elena dafa jàpp ne moom mooy kiy doxal seen diggante. Fu mu tollu di wax li mu indi ci diggante bi. Waa ji gis ne loolu ràcc jëmala sa kanam la. Elena xamoon na bu baax li baax ci moom ak ci seen diggante. Ndax ñoom ñaar ñëpp a xamoon la Elena daan xalaat bu waa ji daan wax ne dafa xat ci kër gi, saa-su-ne ci benn béréb bi : ndaw si di def lépp lu mu mën ngir waa ji bañ a jëm kanam. Ngir bañ mu def lu ko ump, daf daan « profiter » ci li waa ji déggul español ndax daanaka mbind ak dawal as tuut rekk la ci mën. Mu ngi woon ak moom saa-su-ne, di ko toppatoo bu baax, di toppatoo lépp, da daan dem ba jeex. Waaye li taxoon waa ji xat ci kër gi mooy mënul woon jëm kanam, mel ni kuñ jéng, topp ci ginnaawam rekk mel ni ku amul benn nisër, mel ni ku ñëw Espaañ rekk ngir ñu daje. Amul leneen.

Ndaw si bëggoon na ko, bëggoon koo yilif. Du woon xale bu ndaw. Fegu woon na ci lépp li mënoon xew : yeneen jigéen jëloon nañ yoon wu ni mel. Biñ demee ba xam njariñ lim leen doon indil (am na jamono joj dafa mel ni feebar buy wàlle, ay jigéeni Español, magi jëm̄ ak ñeñeen ñu gën a féete ndaw « mbuxuri » di séy ak ay doomi Afrig.) Waaye ci ñu bari, mujjul fu baax : ci yenn fànn yi, dañ leen a yeyoon ni leen mooy li gën ci ñoom te moone ku ci dem ba mën rekk, takk beneen jabar ca Senegaal, am fa ay doom. Suñ la jàppee tamit dañuy wéy ak ñoom mel ni dara xewul. Am na ñoo xam ne nëbbuñu ci dara, dañuy takk jabar fa Senegaal walla Gàmbi te du neex seen iy soxna español yi. Te suñ bëggee tas, *bye bye*.

Ndaw si xam na ne dafa war a def lépp lim mën ngir waa ji bañ a am ay këyiti yoon. Ci la bannexam aju woon. Moom sa bopp gu fés. Dofewul woon noonu. Rax-ci-dolli, sama soppe, man tamit damaa

dékku lu bari ndax yow. Ci sama njaboot nga bokk, jànkoondeel naak yu bari, xam nga ko, njalbéen ga metti woon na. Bouze naan ci xelam : lépp lay teg ci taabal ji, mel ni nekk ak moom sarax la, waaye ca njabéen ga ba tey xamoon na ne taxu koo neex. Te tamit dëgg gi mooy daa neexul sax, faf : yenn gis-gis yu wuute rekk tuuti te daan nanu leen (amuñu woon benn solo soo xoolee) yu mujj ne mes te defunu ci dara. Doomu Elena ji, amoon fukki at ak juróom, gis na ne lu baax la mu dëkk ak ñoom, muy doom ji di ndey ji, dañ koo soppoon. Dafa taxoon seen dund gën a neex tuuti. Ak Jaime, doom ji, fexe woon na ñu déggoo ni ay naatango. Ndaw si daan na ko ci gërëm ndax gisoon na coppitey doom ji, ci fippu gu tekkiwul dara ba ci ruccantikuy yëg-yëg ak cofeel ci moom, ci ndaw si ak tamit maamam. Maam ji da leen daan wax ne de Bouze (doonte ni muy waxe tur wi daa reetaanlu) góor dëgg la, bokkul ak dof boobu nga doon séyal, doonte layalkat la woon. Ñépp xàqtaay ndax ci Carlos moomu nga waroon a dal ngir mu tojal la walla nga feyyu li mu leen faaletul woon. Waaye Bouze ci boppam loolu neexu ko woon : Carlos mooy baayu Jaime, kon dañ koo war a jox cër te rafetul ñuy wax yenn yi ci kanamu doom ji. Bouze yërëm ko. Ca Senegaal deesu fa woon wax yu ni mel.

Daf daan xalaat ne niy Elena doxalee ak moom du yoon mel ni moom ab sàmbaa-bóoy la rekk doonte amoon na ay jafe-jafe jéfandikoo portaabalam. Su dul woon ak moom tamit, waa ji dina ci génnee nii, mënoon na koo defee nii, te du ci am jafe-jafe. Xéy-na ndaw si dafa yaakaar ne waa ji xamu ci dara ? Ak bile lay, mën na dugg ci dundam gépp. Bokk ci lépp. Ñàkk foo rëccee day toroxal as gor. Ñu yilif la. Ndaw si dafa fexe mu nekk nit ku wékku ci moom. Góor gu wékku ci jigéen. Du takkoo, du nekkaale, du jëkkër. Te moom it parewul ngir bàyyi dara. Aakimoo lépp : waa ji (saa-su-ne, bés bu njëkk ba ba tey, ba fàww), ak caytu lépp lum daan def.

Gis naa keroog sa benn doomu-bàjjen yónnee la bataaxel ci Facebook... Mëñul woon a xam liñ waxante ndax ci wolof la woon (ak ñaar walla ñetti baati tubaab, waaye doyul ngir mu xam lañ waxante).

Mu metti ko, wolof bi. Daanaka Bouze mënul bind ak dawal waaye mën na jukkoo ci lënd gi (Facebook), di yónnee ak bataaxel yuñ bind. Lii moo doonoon ñàkk njàngam. Te tamit am internet ci telefonam, ndax ndaw see jëloon këyitu déggoo telefon bi, def ci jomtukaay yépp, lii moom neexul woon. Waa ji moom, faalewu ko woon. Nèbbul woon dara, nèbbu ko woon dara. Waaye gënalu ko woon muy saytu doxaliinam. Ca njëlbéen ga, xéy-na neexoon na ko tuuti. Mu jàppoon ne mën na nekk màndargam bokk ci moom. Beneen njuréfufu mbëggeel gii yépp jëm ci moom. Soofu ko woon nag. Dafa yaakaaroon ni day jàll, dafa jàppoon ne waru cee tiit. Waaye mujj gi, ndaw si day ragal fu mu tollu rawatina bi ko xaritam yépp di fexe mu bañ koo wóolu. Xam nga li sa xarit, Mois, def ndaw sii ? Waaw, xam naa ko, rafetul, la tontu. Waaye man duma Mois. Te tamit Mois mësul nekk sama xarit, xam nga ko. Lépp lu ab saa-Afrig mënnoon a def day doon mu nekk yen ci moom mel ni du doom-Aadama. Mbir yii poson lañ woon ci seen diggante. Waaye bëggul woon weddi mbir yi, bëggu leen woon a layal mbaa jéggal (jappewu leen woon dara, ay mbir yu daan xew ci diggante ak magi jëmm la, yu war a am ci diggante ay jigéeni español yu magee woon fukk jëm fukki at ak juróom góor ñi ñu daan nekkal). « Jigéen ji » sa moroom la, xam na li muy def, dinañu séy su fekke ndaw si jox na ko xalis bu dul jeex, jëndal ko oto bu muy dawal, ak beneen oto ak moto bu muy yónnee ay rakkam fa Senegaal. Ginnaaw gi dañoo xuloo ndax ndaw si dafa gis ni lolu jaaduwul. Waa ji xamoon na keneeen ku pare woon ngir defal ko lu ëpp lii. Ci weer la takk ki ko joxoon xalis bu takku bi, jëndal ko tamit ñetti oto yu bees yu mu yónnee Senegaal ak beneen buy waa ji ci boppam di dawal. Ba pare mu ni waa ji su fekke dafa bëgg a takk jabar ca Senegaal ngir am i doom, lolu du benn jafe-jafe; li mu koy ñaan rekk mooy bum ko bàyyi muk. Saafara sii moo gën, am déet ? Da ko daan wax : bul xalaat ne dinaa la bàyyi nga am beneen jabar. Su ko defee waa ji day noppi, di ko xool ak tiis, noppi googu nag da daan yàq xolu ndaw si. Muy lox ci cell gi daan tee dëggu li leen dal ne fànṅ.

Mujj ga wax na : li may yóotu soriwul. Te mësüma laa laaj xaaalis, saa-su-ne damay wàcc ci tali bi di jaay ba ci bés ba nu xamantee.

Waaye loolu leneen la woon. Elena dafa bëggoon Bouze bàyyi di jaay ci mbedd mi. Su ko Bouze laajee leneen lan la mënoon a def, mu ni ko amul benn wareef, fileek mu ngi fi, du ñàkk dara... Waaye kooku gëmu ko woon. Fileek maa ngi fi..., loolu rekk la daan wax. Moom daal dafa yaakaar ne lépp ci moom la yem. Nekk lu dul nekkaaleem ci dund gi ? Des ci kër gi ? Wékk léppam ci moom ? Di ko laaj sax xaaalis bim war a yónnee njabootam weer wu ne ? Nekk ak moom ngir rekk mu féex ? Ngir rekk mu bañ a tiit ? Lu mel nii la xeexu Elena doon niróol. Waaw su ci Elena amoon ndam, waa ji wéer léppam ci moom, lan mooy xew ginnaaw gi ?

Du bàyyi, de. Taylewul woon bakkanam ngir ñëw Espagne bañ def ay géntam dëgg, bañ a matale ay wareefam. Li ko waa ji toppul woon tiis na ko. Bëggoon na *dalal xelu* waa ji. Du woon jafe-jafe ci moom mu yor waa ji. Waaye waa ji bëggul woon mu wàcce ko. Dafa bëggoon di kër-këri. Mi ngi doon gën di mënal boppam lépp. Jafandu ci moom, gërëm na ci ndaw si. Xéy-na ndaw si dafa jàppoon ne loolu la waa ji doon wër benn jamono, mottali yenn yi mu mànke, yëkkatiku ci mboolaay gi ; waaye ndaw si bum fàtte ne diggante bi du waa ji rekk la amal njariñ, dëgg la ci ñoom ñaar ñépp (doonte li ñu amul ak seen iy bëgg-bëgg wuute nañ), te looloo doon dëggëral seen diggante, moo taxoon ñu bëggante lool.

Bi mu dogalee dellu ca béréb ba mu ko jaayee woon saag ba démb (fekk mu tas diirub ay at, amoon na doom ju góor ju am fukki at, nekk ci moom) amatul woon yaakaaru gisaat ku ko bëgg, mu nobaat, góor gu ko xédd te bëgg ko na ko kenn defe woon ñaar-fukki at ci ginnaaw. Booba fekk mu nekk ndaw lu jekk lool, neex a bëgg. Jamono jooju, dafa jàppoon ne kenn xoolatu ko, mi ngi jëm mag doonte amul woon lu dul ñent-fukki at ak juróom-ñaar. Waaye Bouze muuñ ko, wax ak moom ak lewetaay mu dawloo yaramam.

Dëgg la ne waa ju njool jii, am doole, dib tãneef (fukki at ñaar ci seen diggante, doonte boobu xamagu ko woon) da koo xemmeem ?

Looloo taxoon mu délsi, daldi feeñalaat boppam, di lox. Mu am mbetteel bi mu gisee ne waa ji xam ne moom moo tax mu dellusi, mu nangul ko woote bi ; ñu bokk reer bu neex ci benn *restaurant* bu ndaw si taamu woon. Ndaw see fey, waa ji sax a bëggoon a fey walla boog ñu séddoo pey gi ndax waa jee ko bëggoon a përye waaye ndaw si bañ, ne mooy fey. Bàyyiwu ko mu fey te tey bim koy xalaat, jamono jii tembe, foofa la seen iy sàrti diggante doore : li mu bëggon lañ def, li mu jàppoon ne moom lañ waroon a def, li ko soxaloon. Dafa bëggoon a doxale ni jigéen ju mënâl boppam, féex, ëpp koy at. Xamoon na ne soppï yenn ci cër yu xewwi yi ci diggante góor ak jigéen jamono jooju lees ko waroon a def, rawatina su dee ak góor gu mel ni kii : féete ko ndaw, saa-Afrig, jaaykatu mbedd. Ginnaaw gi mu përye ko këram, ñu nekk ñoom ñaar rekk (doom jaa ngi woon ci pàppaam bés yooyu), doon wax ci xelam ndax seen diggante mën naa yàgg, ñu koy ñaan, mu tiit ci mën-mënam- mu xalaat ne wãññeeku na bu baax- bégal ko ak yaram wu tàmm wi.

Mu am xel-ñaar : ndax ci néegu gan bi *lañ koy defee*, waaye mujj gi mu yóbbu waa ji ci néegam. Ñu summeeku, fónante, mu fees dell ak xemmeem, di ñaan waa ji ganesi k- saa yu ubbee bët yi du gis lu dul ñuulaayu deram bi ko sàng. Bim ko waree xëcc ci boppam nag, dafa am mbetteel ci ni waa ji duggee ci moom, ànd ak lépp luy jëmmal ñuule ak seen iy metit. Mu mel ni ci saa-si njaam ga ak xeex bu yàgg ba ngir àq ak yelleefi Ñuuley Amérig du Nord dañuy newwi ci biiram. Nii rekk, benn yoon. Mu mel ni ku ñu roof naqar ak gacce, ëllëgu boppam. Moom daal, teeru ko romboon na teeru ko moom. Mbir yu bari booloo, lépp ak mbetteel. Ginnaaw gi, ci seen ndaje yi ci topp, la ko doon jéem a xoolee ni góor rekk ; ku yemul ak ñëppp, nit ku amul melo der, ku amul mboor. Tãneef la ci góor, rafet lool, der bu dëgër, njaxlaf ; waxambaane bu ko xemmeemooon lu ëpp (loolu la yëgoon) ñeneen ñi ko xemmeemooon

ba mu nekkee ndaw lu neex a bëgg. Xemmeem gi ko Bouze wàll dafa meññ ci moom yëg-yëgu ngor jëm ci moom. Yeyoo na ko. Xol bi da daan sedd guyy bu daan daw di sànniji ca mbalitu waañ wa mbuus ma fees ak maniyu. Céy bile yoon... Kontaan, xol bu fees, sagu, bég.

Diirub ñenti at ñiy nekk ñoom ñaar, dem nañ ci Portugal (Algarve, Lisbonne ak Peniche), Canaries (benn yoon Grande Canarie, beneen bi La Palma) ; def nañ ski ca Jaca ak Sierra Nevada ; dem nañ tamit Maroc (Casablanca, Rabat, Marrakech), doon dal ci kër yu neex. Te saa yu ñu àndaan tukki day mel ni dañuy séetalaat. Ndaw si mënul woon a am mbégte ak sag yu ëpp jagleel ko dund gu neex gii, noonu la koy sargale. Daf ko daan xool, xam ne waa ji war na koo gërëm ba fàww.

Fu ñu demaan bër, su weesoow powum taat, gééj, lekk yu neex yi, sangu pisin, dàmpu ci apaartmaa bu Jaca walla doxantook gaal ci gééju Atlantique, waa ji du woon fàtte ay mbokkam : bés bu Yàlla sàkk day wax ak yaayam ak ay rakkam. Moo leen daan yónnee seen xalisu dund bés bu jot ak it xalis ci xew-xew yi, korite ak yu ni deme. Daan na topp feebaru ñaareelu pàppaam, di waxtaan ak rakkam jiy toppatoo duus yu yees yi ñuy tabax ci kër gi te mu joxe xalis bi. Daf daan mere yaay ji ndax toppatoo wul feebaru jabetam bi. Daan na ko yónnee xalis ndax mu mën a ber lekkam ni ko ko doktoor digale woon waaye jariñul woon dara ndax feneen la daan dugal xalis bi, di lekk lu ko neex.

Yenn saay Bouze day tonq te du ko tay ndax fa mu soqekoo-ndóolu Senegaal te loolu day dooleel ndaw si, mel ni daal day tax mu gën a baax, gën a tabe, gën a laabir ci moom ak i mbokkam. Ci lu wér Bouze bëggoon na mu gën a laabir, di ko gën a defal. Su ko deful woon mu wacc ko. Waaye yenn saay Elena dina ko ko feyloo -walla sax da koy feyloo saa su ne- te daan ëppal. Jaaduwwul, mënul woon ñàkk a xalaat ne li ko may mu koy feyal ay tukki yu neex ak yeneen yi ciy ànd yépp nekkul lu dul ñàkk a yemoo gi ci àddina si.

Mbégte mii ak pexe yi muy def ngir yilif, moom, ñoo taxoon waa ji dogu ci tukkib nëbbu, yoonu suuf, di naqar ak musiba ci réew yu bari. Looloo tax tamit mu nekk Espagne te daanaka tekkiwu fa dara. Ndaw see daan fey, waa ji bänneexu waaye ndaw see ëppoon bänneex ndax mbégtém nekk kiy defal waa ji da cee dolliku, ndaw see taxoon waa ji nekk.

Waa ji di ko ñàññ : Dafa mel ni dangaa bég ci li samay mbokk mënul am dara. Xawma dara ci li ngay wax. Du neex na la, cuq na la, am déet ? Waaye lii xamoon na ko ca njalbéen ga, dafa yaakaaroon ne rekk jot na ndaw si tamit seetlu ko.

Puróx...

Duma puróx, Elena.

Bokkoon na ci yenn yi taxoon mu bëgg a dem bër ca Maroc (doonte wiisaa jafe woon na), ndax dafa bëggoon a dellu ca réew mañ ko toroxale woon, mu dund fa naqar ak taafar. Dafa bëggoon a doxantu ci mbeddi Maroc yi niki ab wëraakon noonu rekk, ab ma-xeji ak ay àqam, kenn du ko fitnaal. Daf leen a bëggoon a xool ci biir bët, xéy-na sax, feyyu ñi ko tooñoon, doonte lu ndaw lay doon, niñ ko toroxale woon. Fu ne mu ni fa naam Daraame, tëye loxo ndaw si te xam ni teewaayam rekk dàq na ragal. Elena nekk farandoo bu mat sëkk. Suy wax jëme ci moom sax da naan sëñ bi. Sëñ bi. Saa-su-ne sëñ bi. Saa yu nee sëñ bi rekk day mel ni ag tëkku-nëbbu : bul dof, na nga xam ki ngay digaaleel, jox ko cër. Moom it mu jaaree ci xool saa-Marog ak bëti ku bëgg a dagg seen bopp. Wóoran na ne mbokk yii, jullit yii duñu woon benn yoon ay mbokkam. Elena tamit daan bänneexu bu baax ci yaramu waa ji ci mbalka yu mag yañ daan sangoo ca kër yu bakkene ya te nëbbul woon mbégtém, lu bees la woon ci moom- jaay lu amul rekk- , ci melo der bi wuuteek deri azulejos, ay piis, ay tapi, giryaasi bant. Am na jamono joj dafa gisee boppam niki caga bu góor te loolu neexu ko dara. Mu ni ko nag ñu daganal seen diggante,

lum bon-bon ci kanamu Yàlla, ndax dalal xelu njabootam. Bi ñu jógee Maroc ñu tàmbali waaj takku jàkka ca Centre Culturel Islamique ba. Takk gi nag waa ji rekk la soxaloon. Ndaw si moom soxlawul woon topp mbaax yi. Day wéy di lekk yàppu mbaam ak a naan sàngara ańs, waa ji moom faalewul woon loolu. Muuru bokku ci. Lu dul ci waxtu wi ñuy fas séy bi. Kepp. Mu waatlo ko ne du am lenn lu muy soppo ci dundam ndax takk gii, waa ji dalal xelam : amoo lenn looy soppo. Moo tax su ko daan sèppu naan ko *duma sa jèkkër*, Elena, di wone ne dara soppokuwul bi mu ñewee ak tey, ndaw si day mel ni kuñ mbej ndax moom mi ngi séy. Ci màndarga, nangu na jéego bi. Leneen li am mooy séy bi du tax mu nekk ci yoon ndax mottaliwuñu la war ca Espaañ. Waaye moo ko tayoon di ko waxee noonu doonte yègoon na ne jabaram la. Dund moo fees ak xeeti woroo yii. Ñu ngi doon séy waaye séyuñu woon waaye ñu ngi doon séy.

# Njub-loxo Maria

---

*Andrés Neuman*



Ci ñi ko xamul, ndax àddina daa gudd tànk, ci sunu gox, Maria am na : *saalu defar kawar* bu yeex, njub-loxo, tuuti kilyaan. Su ma sama xel naxul, am naa mbégteem nekk ki jiitu ci ñi gën a yàgg a ñëw bàyyeek loxoy Maria ngir kawar gu rafet. Loolu di tekki ne mag dugg na ma. Waaye daanaka, daanaka.

Xareñug wax ci lépp naka-jekk rawatina ci dara. Lii tamit Maria am na ko. Taar bu bawo ci gémmiñ jëm ci bakkan. Ak laal bu mel ni luy naaw, xawma daal lu nekk ci catu baaraam yi. Sama jamono ngune, daan naa dem ca Saloom yenn saay juróom ba juróom-benni yoon weer wu nekk, mu dugalal ma sama kawar ci ndox mu nugg mi.

Su ma sama xel naxul te nanu xam ne léegi day neex samam xel mu may nax, kéemtaan gaa ngi dakk diggante atum junni ak juróom-ñenti téeméer ak juróom-ñent fukk ak atum ñaari junni ak tuuti. Waxuma njub-loxob Maria waaye juróom walla juróom-benni yoon yii weer wu nekk. Saa-su-ne baraamam yi daanaka soppeekuwuñu. Waaye, sama kawar, moom, mu ngoog.

Maria am na : peñe yu dëgër yu baree bari, ay siso yu xomaat ak muuñ gyy melax ngir nëbb mbir mi. Kilyaani tey dañoob bëgg jumtukaay yu yeex. Ay masini kurañ. Ay diw yu yéeme. Ay nataali xawma kan. Man, nag, lu ngeen bëgg, muuñug Maria moo ma gënal. Su dee moom, nag, du caagénu damay wonewu, maa ko gënal tamit.

Dina ko neex ma egsi ci saloom di wëliis, summi sama mbaxana, wékk sama mbubbum sedd, sujjóotal ko, toog sama siis. Menn mi saa-su-ne, gën a sori bunt bi ak powi àddina sii nga xam ne sunu cofeel balleewul fii ci biir. Su ko defee, ma toog, teg sama bopp, xaw a gëmm, daldi binni :

– Niki saa-su-ne, Maria.

Lii mooy li may def diirub xawma kañ dëggantaan. Te tamit lii laay jéem a wéyal su dee mën na nekk ba tey. Ndax, waa-waaw, su dee jamonoo ngi dem, kawar moom waxaalewuma ko. Ñoom ñaar ñépp a ngi dem ci lu gaaw doonte dañoo mel ni ñu yeex. Mu mel ni ni at yiy demee ak nawet yi, te kàkkandewuma sama bopp, may waññi samay tànq ca saloon ba. Ñett, ñaari ngoon ci weer wi. Muji gi ñaari weer yu nekk, ñett, ñenti weer. Jàppoo ko nii. Mu laaj ma :

— Niki saa-su-ne, Maria.

Ba bés ba nga xamee ni damaa muñ, di fa dem lu dul benn yoon kese ci at mi. Moom. Mooy sàmm samay yëg-yëg. Sama takkoo bi, sama lingeer bi may gis lu néew te mu am yii : ay dàlli maam ak baaraami xale bu jigéen bu ndaw.

Tàmm naa di saytu sama bopp bi ci bépp seetu bu ma dajeel. Di xool sama jubba bu ndaw bi di yokk, ma yàkkamti ko. Man maa yàkkamti. Du moom, de. May waññi bés yi nu dese, maak sama jubba, bala nuy dellu saloo ba dénk sunu bopp loxoy Maria. Ndegam jigéen ju mat la, mësü cee wax lu gën a tuuti. Du ci sama jubba bu ndaw, du it ni ma fay gëje.

At mii, ci dëgg-dëgg, mënagumaa dem ca saloo ba. Naam, xam naa ko, duma yambar- walla boog du ak Maria- mën naa faa jaar nuyu ko ak lay wu njëkk a ñew ci sama xel. Waxtaan tuuti. Toog fa tuuti, waxtaane jamono ji. Walla perye ko ci lu ma waajul, ndaw gâce, ci sàngara su ndaw walla sokolaa bu tàng. Xam naa ne du doyal ci sokolaa. Du benn, du ñaar, gis naa ko gémmiñ gi taq sokolaa.

Waaye doonte ragaluma, du doon benn. Déet, sëñ bi, du sax ci gént. Ndax su nangu woon tamit -ndax dina nangu?-, du ma laalaati mukk ni mu may laalee te moom kepp mën ko. Yaakaar gu réy, waaye du raay sama bopp bu leel bi, sama jë bu boxoñu bi, sama ñaam yu wow yi, sama rëddu nopp yi. Te lii laa sopp ci moom. Maria am na tamit : du muñ yenn mbir yi, jëkkëru alkaati, ay disk boléroo yu bari.

Ayu-bés biy ñëw walla ba ca topp gën gaa yées, fas naa yéene duggaat ca salõo ba. Waat naa ko. Du moy. Muy taw mbaa muy ngelaw. Tayuma ko : sama deru bopp mi ngi lox ak mbëggeel. Dinaa takk sama fit. Dinaa peñe li ma dese ci kawar, kawar gu wéet gii ci sama diggu bopp. Dinaa dem ba ca bunt ba, puus ko di wéliis ab boléroo. Summi ndànk-ndànk sama mbaxana. Wékk sama mànto. Sukkal ko. Seet sama toogu-xóot. Su ko defee nu wax li nu bëgg a waxante :

– Niki saa-su-ne, don Ernesto ?

– Niki saa-su-ne, Maria, niki saa-su-ne.



# Néeg bu ñuul bi

---

*Giovanna Rivero*



# I

Li ëpp ci sama dund bi ma nekkee mag maa ngi ko defoon ci suuf si, foo ma fekkaan maa ngi gas i pax yu takku ni rëddi baaraam ngir ëllëg gu réy lool. Walla tamit ëllëg gu xat. Moone, tey, maa ngi nii di jéem a tēj ag dënd, tēj ab bunt ba fàww, ndax kenn warta tijji mukkk bunt boo dul mën a tēji ëllëg. Moom la Samuel daan wax saa-su-ne : maa ubbi bunt bu alku bii, mu réeral caabi ji moom kott.

Waaye Samuel, ci jamono yooyu, fekkoon na mu diig ci tēju goo xam ni sama yaay rekk a ko ci mënoon a génne, te du ko wax dara, loxoom lay teg ci mbagg mi fekk muy dawal ndànk *téere* walla mu mel ni kuy xeex ak a laxasoo niy màkkarooni. Bunt bii rekk laa bañ, da daan waxtu yenn saay, doonte sama loxo yaay a ngi ci mbaggam. Kenn xamul woon ban bunt la daan wax. Kër gi ràpp na waaye danu daan teel a defar lépp lu mësaan yàqu muy ndox ci xadd bi walla tàggi melantaan yu safara yees foogul.

Lépp a ngi door fa mu waroon a jeexee, maanaam ak deewug Samuel.

Yow, yaa am nataalukaay bi, bi koy Fran wax mi ngi kott ci dënn bi keesu bant gu ndaw gi defoon ay paaka. Loolu la ko Ndénkaane li jagleel. Ndax boyet bii keesu néew lay nirool. Nataalukaay bi moom mi ngi nekkoon ci benn saagu der buñ dénd ci wet yi. Judduwulu ko waaye am na ku ñawaatoon der bi ak loxo, topp melokaanu saag bi. Xool naa takkukaayu saag bi, melo wi ràpp ci digg bi. Fan la nataalukaay bi jaar laata muy teersi ci loxoy Samuel ? Génne naa nataalukaay bi. Xeeñul lu dul ag weñ. Bët bi daa fell ci wet gi waaye gis na lu ma gisul. Ma delloo ko ci palaasam, xalaat ni mu ñàkke njariñ. Dinaa ko gaaral ci kow miir ni koy rëbbkat yi di defe ak boppi mala yiñ jàpp. Bataaxelu miraas bi kat benn pàccu jukki bu mu bind ak loxo la, sama yaay dawalal nu ko, taxaw ci baat bu nekk. Xéy-na dafa jàpp ni su noppee dawal gi lay càmmiñam li door a dee dëggantaan. Jamono ji miy dawal, dund gaa ngiy wéy, dëgër boppam gaa fi ba tey.

Mën nga koo jaay, la ma Fran wax, di méngale ci xelam njëgu nataalukaay bi ma donnu ak paakaa yu ñaw te bees yañ ko jagleel. Waaye waxuma dara. Sama doomu-bàjjen ji, Fran, dafa mës a xayadi te it mënul xayma foqaleeg dajalekat, waaye bun fàtte ne jamono yooyu kenn xalaatul woon liggéey boobu ci dëkk bi nu juddoo ba noppi raafalee fa sunug ndaw. Ginnaaw gi xalaat naa jaay nataalukaay bi ci njëg gu xéewale. Ba tey mën naa koo def. Nataalukaay bu jóge Almãñ la, màrk Leica yu njëkk ya. Samuel nee woon na ma mi ngi ko jënde woon cim njaayu njëy yi, ca réewum Brésil. Làkku portugees wi mu peegul woon bu baax moo taxoon xamul dëggantaan mboor mi ànd ak nataalukaay bi waaye gisoon nay ferñeent ci bëti ñi nga xam ne suñ ne jàkk mbir mi xam ne ëpp na mbir kese. Waaye ginnaaw Samuel, amul woon keneen ku ko bëgg a jënd. Mu indi ko nag mel ni jublan yu yàgg a yàgg yooyu di def lu ñuy tere ci garab walla mala bu njëkk ba. Waaw, nataalukaay bu metti la ndax bareetul béréb yees mën a génne ay nataalam. Dangaa war a yor say jumtukaayi bopp maanaam néeg bu lëndëm kériis, jënd ndox yuy gën di jafee am, def sa doxaliin, te fexe leer gi bañ a yàq nataal bi nekk ci *néгатif* bi.

Bi ma jotee nataalukaay bi laa xam ci saa si ne sunu digaale du lu nuy waxaale. Tuuti ma bind « nangu nataalukaay bi », waaye damaa mujj dawale joxoñu ordinatëer bi ndax ndono deesu ko bañ, màqaama mii amul, kon mënoo ñàkk a jël ndono li keneen jël dogalu bàyyil la. Te moo tax tamit may bind lii tey (xéy-na sama ñàkk ànd ci miiraas mi), ndax bëggumaa ga kenn ci njaboot gi mu nangu sama moomeel. Ku ko bëgg, na ko sàkku ci yoon. Sama kër, sama suuf si jàkkaarlook dex gi sax te léegi nit ñu wayadi dëkke ko, ba ci sama xaj yi nga xam ne ay tannéeef lañ te ñooy sama njaboot dëgg, lii lépp mën na mujj ëllëg ci doomu Fran, sama benn jarbaat kott... Waaye Fran, de, saraxu na ma ni buma leen bàyyil dara, ñu ngi sant. Day sagu rekk. Waaye su mënoon na gis ni mu tiisee, ak doomam jeek ay kuuñam, amul baaraam, mu mel ni ab tóor-tóor bu raglu. Xam naa ne doom ji sinemaa lay jàng te looloo gën a dagg xolu Fran bi, ndax ñiy def xeeti liggéey yii mooy

ñi mën a yàq seen ndaw ak seen alalu waajur ngir ay seetuy picc yu ndaw. Gis naa ñaari nettali yu mu def : benn bi ci xiirtal ak mbaaxi garab yiy song melantaan yi, naka la seen ruu nekkee ag fiir ; beneen bi ban diir lay jargoñ war a soxla ngir defar ay ràbb yu wuute. Bonuñu waaye jëfandikoo kameraa ak baati ginnaaw bëgg lu yomb laa ko jàppe. Yaakaar naa ni lu dëggu, sell soxlawul ndog mu yéeme. Waaye ci geneen wet gi, su dee deret la, deret lay doon. Jombul nag nun nu doonu ndof ciy nataal muy ndono li yées ci feebar yi. Fran ci boppam a ngi doon séy ak waa juy nirook jëmmalkat yooyu roy Yeesu ci film yi ci ñaar-fukkeelu xarnu bi. Mook waa ji ba bi cin li tojee ci restaurant bim daan liggéeye, mbëggeel ga ak cóola gaa àndandoo naaw. Fran melul woon ni Véronique ci indi ndam ngir fajal jëkkëram ay góomam. Su amatul kanam, mbëggeelu jabar ji day doon xaar gu metti ca bérébu cellal ga. Wërsëg ci ñoom ñaar ñépp, feebaru mànke deret bu am doole moo mujj yóbbu waa ji allaaxira.

Mbir yi mën a foqatee nguuru defari jëmm ci lëndëm ak leer ñoo njëkk a cuq Samuel. Yaakaar naa ne waxu ma ko waaye Samuel sama rakku yaay la te sunu kër la dëkkoon, lii rekk la. Mësumaa fàttaliku muy wax ci li tax mësul takk jabar walla tukki yu ñàkk solo ya mu daan amal ca Brésil. Daan na fa jélee ay mbir yu bees yoo xam ni ñoo daan lekk as tuut la mu daan am ci xalis. Am na yoon woo xam ni dafa indiloon Fran benn fowukaay bu bariy melo bu ko mujj jural daanu di say – na nga moytu leeraay bi, la Samuel waxoon ak baat bu xóot bi – man mu indil ma benn yokkukaayu bët bu ndaw boo xam ne mën ngaa topp ab picc di xool ci diggante bu soree sori, dem ba nekk ab tomb ci asamaan si. Su ma jotoon ci picc mi, xam naa dama ko doon boxom ak sama loxo, naj ko ba dégg laaf yiy dammatoo. Xool ak yàq ñooy samay yëg-yëg yu njëkk doonte tey jii yaakaar naa ne du mbon a ko waraloon waaye moo doon dalal marug génne woy yi ci sama xol. Ndax picc mu ndaw mënt a bañ sama mbëggeel, mënt a bañ *l'os jamais incandescent de l'homme\**. Mujj gi xam naa ni li ko waraloon mooy soxla teen yiy tàkk ba tàkk-tàkk yépp fay ba jeex tàkk, sonn.

Ma toog nag, di noyyi xetu teen bi, sama yoon su ma nelawee ci lalu kã bi, sama tubéy ubbeeku, sama yuur diis ak gaas. Damaa juddu ngir jaay-doole, doxal ruuwu jinne bu taax mu réy mi, bind i taalif mbaa néew-doole taxul ma gane àddina.

Samuel mësul a takk jabar te it niruwul woon ku fas-yéenee tekki ci benn xeetu liggéey, lenn luy tax ñu weg ko te doo gis yërmaande ci bët walla kàddu nit ñi, ndeysaan Samuel.

Xetu póon gu ñuul gi ko ëmboon a gënoon a ràññeeeku ci moom. Mënoon na bokk ci ñiy jaay maanaa ak seen sewaay waaye ci wàllu boppam, dafa mel ni ndigg li daa yenu woon àddina si, ni Atlas, baayu yenukat yi ak tiis. Moone mënoon na siggi ak daraja, day nirook saa-su-ne kuy waaj a jàpp yoonu Brésil walla beneen béréb bu kenn mënata layal. Li mu teel a lajj, diisaayu kanam gi ci biti, terewul Samuel di muuñ. Looy xalaat ? la ko Fran mu wayadi mi laaj, Fran mi mësul xam luy xool ak xol bu oyof. Samuel mësul tontu leneen : li kiy daw ak taati neen di xalaat laay xalaat. Soo defee taati neen di daw ? Fran mu bon mi topp ci di wax ak a waxaat. Yal na Yàlla wàcc, ne la : jógeel fii ! Ci biti, laa wax ! Nonu Fran ree ba taqaaju. Man mii tamit yenn saay. Danuy lox ci xalaatu Samuel bi : def taati neen di daw. Jamono yu bariwul lu muy am lañ. Lu ci ëpp, dafa bàyyeek boppam diisaayu yaxam yi, di tóx. Lenn rekk li daan niru xiirte ngi feeñoon ci wàll wi mujjoon ci dundam. Te fekkewuma ko bu baax ndax damaa tóxu woon ngir tàmbali njàng mi gën a kowe ñeel ndox mu ñuul mi. Ma sonnoon lool ngir pare ko. Ci biir at yooyu, la Samuel doon nataalkatu dëkk bi te xéy-na sax du moo ko taamu dëgg-dëgg. Sama xalaatu yaay la woon : yor nga nataalukaay bu rafet bii te nit ñi fu ñu tollu dañuy bëgg i nataal. Du doon liggéey bu jafe.

Waaye xiirte gi yàggul. Nit ñi dañ doon bàyyi ndànk-ndànk Samuel ndax daf leen a bañoon na jaay nataal yi ak seen pellicules. Néew na ku daan bàyyi xel ci nees doon defe nataal yi rawatina ci seen kanam yi, mu mel ni rekk seen xar kanam yi, seen bët ak

seen gémmin dañoo nekkoon ci naqar ba jamono jiy nataalukaay bi di tàkk. Kenn mësul nangu ni Samuel ma-pasin la, ñu jàpp ni su nataal bi jagee, seen taar la waaye du xareñu nataalkat bi, du ci na Leica bi daan yokkee bëtam ndax Samuel bētu ndey-joor ba la daan jéfandikoo, bu càmmin ba dafa amoon taas, muus a ko ci xosi woon. Sama yaay a ko daan layal naan su Samuel béggee tēyee négatifs yi dafa xam ni liggéeyu ñeeñal la. Soo demee ci yeneen réew yi, dees fay amal ay gaaral ak ay nataali niti kese, di ci am ay neexal ak cër. Ci sunu dëkk bii moom, jërëjër sax doo ko ci dëgg.

Tuuti nit a daan soxla liggéeyu Samuel. Sunu nijaay moom daa bañoon dëggantaan. Dañ ko daan saraxu : ngir Yàlla jox nu sunuy pellicules. Sama yaay a ngi may nettali ne seen saraxu gi daa àndoon ak yàkki ak caalit. Dañoo mel ni woon mag ñu njëkk ña, yaakaar ne nataal day sàcc seen ruu. Waa-waaw, maa la ko wax- da daan yëkkatiku ak sag gu amatul njariñ ndax rakkam dee na- mēnatuñoo def beneen nataal kepp bu baax ci seen dund. Am na yu ma ci gis, yi yéenekaay yi siiwaloon ci xët yin jagleel nit ñu siiw ñi : ñuy nirook ay doomi fowukaay ak ay bët yu wow, yaram yu yàqu, yu ñaaw. Ay mbaar. Luy njariñu xew (séy) wu réy, aniweerseeru fukki at juróom ak ngato frees su dee seen kanam yin puudar lii rekk la, kanam yuñ puudar ? Nataali Samuel yi leneen la woon.

Jot naa Leica bu mágget bi, taxul ma yëg iñaan jëme ci boyetu paakaa ak xalis bin jagleel Fran. Damaa jàpp ne man la Samuel taamu ngir bàyyeel ma màndargay jamono mbégte dundam. Àddina dina woneji ne maa amoon dëgg. Waaye du anam bi ma ko fooge woon.

## II

Toog naa ay at door a jéem a def nataalukaayu almã bi ndono lu am njariñ. Sama lijaasu liggéey bi gën a kowe ñeel ndox mu ñuul maa ngi jur i meñneef ndax teen yi jege Camiri jóguñu ci ball ndox mu ñuul mi ñépp bëgg fii ak feneen. Ma nangoo yokk samay waxtu liggéey. Ma bégoon ci ni petarol bi daa walee. Daan naa toog ay waxtu di xool ni am pax amee doole, di sànni li ci biiram mel ni yállay guddi. Li ma daan feyeeku lépp laa daan defaat ci baar yi ci gox bi saa yu ma féexaan ; daf ma doon neex may teg samay conc ci kow baar, bàyyi guddi gi jáll. Su mbir mi demaan ba neex, ma fàttaliku benn taalif, daldi ciy jukki, taril ko jenn jigéen, su demee ba xef yi di lox ndax yéemu ci làkk woo xam ni wii man sama bopp, peeguma ko, damay naanaat sàngara, ragal ndax naqar wu sedd wi. Dama daan gaawtu naan дума woykat, damaa fees rekk. Naam, maa ngi doon fey bànk suuf su ma leboon dencoon ko ngir dëkki fa bés, du ngir noyyi ngelaw lu sell-raflewuma ko-waaye damaa bëggoon dând gu ma jënd ak sama xalis, ma mën faa def dóom sama xemmeem dajeeek sama bopp.

Damaa ñibbi kër nga ngir toppatoo sama yaay fan yii nga xam ne nit ñi dañuy séen yax yi ne fàññ ci deru kanam gi. Ci fanam yu mujj yi, sama yaay daf maa bëggoon a dénk li ko mës a gètën.

Xam naa ko, ma dée ko ndànk ci nopp bi ndax fajkat bi bañ koo dégg, ndax sama yaay xam ne amul lenn lu muy baalu. Du woon sama cër. Da noo mës a xool ay bëti cofeel maak Samuel, te doyoon na ngir ma siggi doonte *sélatin* bu lëndëm baa ngi sama biir dënn. Yenn saay, dama daan xalaat ni ci palaasu xol bi, man tamit teen bu mën a waccu lu ñuul laa fa am. Ma teg sama loxo ci sama dënnu yaay bu sonn bi, moom it dóom bi la noyyi dundam yépp. Xolam dafa bëggoon a wax waaye mu noppiloo ko ba ni mu génnee àddina.

Mu laaj ma : Noo ko xamee ? Bèt yi xulleeku ba jaaxal ma. Bëgguma woon mu dem ak tiitaange, ak ubbeeku yu réy yi tiitaange gi gas ciy mbaggam.

Nii la doon demee su ma fekkoon ma wax lépp ; moo tax ma dencal sama bopp dëgg gu wér gi, wax ko leneen. Amoon naa ay mbindaare yu doy ngir mën a fent beneen lëm ñeel sunu mbooru njaboot mu bari sikk mi. Ma ni ko Samuel moo ma ko waxoon bés.

Mu ne : ay, Samuel. Ndeysaan, bêt yi dal. Tuuti la nu ci teg mu génne àddina. Noonu, ma génne nataalukaay bi ma indaale woon, daldi nataal bu mujj ci moom. Dinaa ko soxlaji ngir gas fa gën a sori ci sunuy dund. Ndax jamono jooju gas mooy li ma gënoon a mën.

### III

Néeg bu ñuul jafewul a defar. Maa ngi fàttaliku ne Samuel defaroon na bosam ginnaaw bi mu dénkaane clichés yi mu njëkk a jël ak Leica benn bitigu nataalu gox bi. Benn ayu-bés topp ci, ñu jox ko nataal yi- njabootu saa-Almã gu nekkoon ci benn tool ca dëkk ba la woon, léegi kër googu daa tēj. Bi ma donnoo nataalukaay bi ba lépp mujj jaar yoon, damaa def luññutu bu ndaw ngir xam ndax boroom bitig boobu dencoon na lenn ci kilisey nataalukaayu Samuel bi doonte leeroon na ma ne Samuel yóbbale woon na lépp ca bàmmeelam. Su may wax lii nag wet gu baax gee tax. Sama yaay moom bu ci daan àddu da naan ndegam bi Samuel di dund kenn fulaalul bētu ñeeñalam, yoon la su génnee àddina kenn du mën a toppandoo la mu daan def fa gën a xóot ci ruuwam, mu yóbbaaale lépp. Walla daanaka lépp. Ak lu mën a am, lépp lees ma mës a wax, mooy ne boroom bitig baa nga des ca lakku bitigam ak jumtukaayi nataal yi. Bu ndox mim daan liggéeye nataal yi màggatee, daf ciy dolli karbonaat di ko jéem a yeesal waaye loolu da daan yàq nataal yi ci kayit gi ak melo yi. Waaye su nu waxantee dëgg, loolu soxalul

woon kenn. Ñi nga xam ne mēnuñu woon a sax rãññatle baaxoñ ak pittax. Lii la. Moom daal, senn soxna su màgget nee naay moo tax ñu rey boroom bitig bi, moom it nee na dina bañ boroom bitig ba keroog allaaxira ndax daay bi dafa yóbbaaale béréb ba mu daan jaaye yu sew. Bëgguma ko woon a weddi ndax xam naa ne su lépp jaxasoo, li gën mooy bàyyi mu sedd. Rax ci dolli, laaj yi ma mēnul woon a samp ndax kersa am nañ seen tont. Te maa ngi yaakaar ne diñañ mēn a tontu képp kuy bëgg a jaay maanaa bay wax ci sama njaboot, su nu demoon ba nit kooku bëgg a donnu lees warta donnu.

Néeg bi ma jël dogalu liggéyee fa, foofa it la Samuel daan liggéyee nataal yi ab diir ca jamono. Bi loolu weesoo, sama yaay daf koo waxoon mu def yenn liggéey yu ndaw yi lu deme ni jagal ay rajo ak i montar. Dara ci moom desatul ci néeg bii. Naam, bi muy door a gaañu daan naa dugg ci néeg bi, fu ne ma gas ko ba fa sama xol gën a xóote. Mēnoon naa gis sama nijaay sëgg ci jumptukaay yi, taf nopp yi ciy yokk-riir yi, di doxal ab rajo, mel ni ab yonent buy wër i màndarga, mel ni Job ak àllam bu ndaw ba. Cig tàmm, man tamit jéem naa déglu baatam bi mu nayoon lool, di làmbaatu ci rajo bi jamono jiy taax yu mag di waccu. Waaye Samuel waxoon na ma lépp lum ma mēnoon a wax bim may bàyyeek nataalukaay bi (Leica).

Ci nataal yi ma njëkk a def ak nataalukaay bi, bokk na ci yoy yu miir biy teqale sunu kër la ak terrain bi mu dendal. Leeraayu jant bi da daan dal ci móol yi diggu bëccëg ba pare di sukkuraat ci seen kow di maraale seen iy diggante. Melo lem bu leeraay bi safoon na ma. Ñaar walla ñetti at ginnaaw gi laa door a dogal defal néeg bu ñuul jumptukaay yu am maanaa. Ba tey, soo daan bës Leica bi, riir mi muy def rekk a nekkoon mbégte mu ndaw mi ma daan yaakaar. Ni mu daan gaaw a tējoo fésul woon; moo tax dama daan dëggéral sama taxawaay ndax ragal a jàpp leeraay bu ëpp li ma soxla. Damaa daan topp miir bi ak bētu nataalukaay bi, bii yoon mel ni rëbbkat bu topp jubluwaay boo xam ne leeraay lees ko defaree, ma bàyyi leeraay gi naan ma « fii ». Daanaka dama daan dégg « fii » googu ci sama biir yóor te su sama baraamu

joxoñ mēsaan bēs butoŋ bi, dama daan yëg ne du man, du sama njub, waaye « fii » googoo daan jàpp samay suux ba ñu dogal taxaw ngir jëmmal daggitu dëgg gi woon.

Damaa mujj diggaleek ñu seen xam-xam màcc ci mbirum nataal ngir mën a samp néeg bu ñuul bi. Ma jënd jumtukaay yi mu laaj yépp. Ñuul-weex laa doore ngir nēbbaale samag tële. Su ma demee nag ba xareñ, xéy-na, ma dugg ci nataali melo yi. Waaye yemandi woon ci ñuul-weex safoon na ma.

Génne lēmēs gi ci defukaayam dugal ko ci bag bi ñuy liggéeyee dafa yéeme. Di def sama yaram kepp ci lëndëmu néeg bi daf maa delloo ci sama bopp, fees ma dàqe woon jenn jamono ci samag dund, xamatuma kañ la woon. Yoon wu njëkk wi ci néeg bu ñuul bi, damaa xalaat walla ma njort ne ci néeg bu ñuul bii la Samuel dunde ay waxtuy mbégteem, fii, ci lëndëm ngiy tēnk tey dooley buumi leeru àddina, sunu àddina, waa dëkk bi, seen mbég ak seen iy bàkkaar yu ndaw. Maa ngi xalaat ni seen yaram waroon a mel bu leen leeraayu flash bi daan dal. Ba pare leeraay bi da leen daan xañ dara, benn kanam, gētën gees mēnul toppandoo ci bët yi, walla benn jamono ci seen dund, jamono joo moomatul sa bopp, juy feeñal tey tegu ci jamono, walla ca la njaxas li mēnoon a tekki. Bi may yēngal ndox mi ci bitéel bi ngir mu tas tas bu niroo, niñ ma ko jàngale woon, ma yëg ne Samuel doon na ànd ci jéego bii may def jēm ci liggéeyu nataal ci kër gi, nekkaale xetu bañ xarala yi faleewul doom-Aadama ak doole juy wéy. Li am mooy damaa yëg leneen : Samuel mu ngi fi woon, diggante teewaayam walla laf bu kenn xamul ak samay siddit ak samay yax nekk fenn ci néeg bii, amul lenn lu nuy xaajale. Samuel, li ko yeex a feeñu, daf maa sàng ma mel ni ku soloon mbubbum dénd guñ mēnt a laal.

## IV

Yaakaar naa ne damaa juum dugal pellicule bu yàgg, ba pare ci film bu lakk bi, ma tapp ci nataal yi leerayu jant biy soppi ci miir biy juddu ak a màgget ci benn fan kepp. Walla xéy-na bētu nataalukaay bu xureeku bi moo yàq nataal yi ? Waaye sama xol, moom, xalaatul woon. Dafa jiiitu woon ci li ma doon waaja xam. Ay waccu ñoo màndargaal samag dugg jaare ci bunt bii. Bi may raxas foto yi ci raxasukaay bi, ay nataal yu ma fàttilikul woon ne ñu ngi woon ci Leica bi, leer nàññ, tooy, rafet lool ci seen melo. Ma taal leeraayu digg bi, jël clichés yi ak ay ñiim, wékk leen ci laase dàll bi ma tàllaloon ci sama kow jumtukaayuu liggéey. Sama kanam jege lool samay nataal yu njëkk : li ma gisoon mënul nekk njuumte, li ma gisoon naj ak a ëf jamono ji, mu mel ni uppukaayu xarnu bi weesu te ñu koy soog a jëfandikoo. Ràññee naa ci ay yaram yuñ sànni bés ci ay buum te tey ñu nekk ay montar yu mag ne tacc te yàkki. Ràññee naa ci ay xale yu jigéen, amaana lu mettee leen gajj, luñ defar, mbaa lu soxor. Gis naa ay golñàdd yoy fañ bawoo amatul benn solo, ay takkaay yu rafet di mellax, xol bu taq. Te gis naa ay mala ak ay wàlli yeneen mala. Te gis naa it ci weer wi parasolub musiba ba fàww.

Xawma naka laa wéyee di noyyi bi may génn néeg bu ñuul bi. Xool naa miir bi, jant bi di ko ray-raye. Maa ngi waccu, teg samay loxo ci nataal bu doy waar bii.

Ci mujjantal gi, bi ma sottee natal bi ma nataaloon sama yaay ay simili ginnaaw bi mu faatoo, jamono ji ruuwam ñoŋee, booba laa am firnde ca la ma xamoon fa gën a sori ci man. Gis naa ko. Mu nekkoon nii, xawma ndax daloon na waaye cig neen la nekkoon. Te ci kanamu nataal bii ko féexal, gis naa it ca bêtam yu lott ya ndax diisaay bu baayam- sunu baay ? Gis naa sama juddu ak gu Samuel, ak gu Fran ak doomu Fran, sunu xeet wu tuskare wi yépp. Sunu yaay, butitu njurukaayu gi dagg mel ni ab tóor bu torox ba fàww.

Jéem naa nasaxal néeg bu ñuul bi ak lépp li ci biir. Lépp. Wax-dëgg Yàlla jéem naa. Waaye saa su ne dina am lu lajj. At yi ma def ci walbati xóotaayu suuf si ak sama xareñ ci juntuukaay jariñuñ ma dara. Néeg bu ñuul di wéy mel ni lu may mbëlle ci teewaayam bu nëbbu. Fi ma dese yaakaar rekk mooy laso bi ak xeer yi may jëfandikoo bés bu ne am doole te gumba ba mën a fàtt bunt bi ba fàww ci jamono jii ak yiy ñëw.

(\*) Aw kheup ci táalifu Vicente Aleixandre



# Mbaraankat bi

---

*Karla Suárez*

Waa ji woykatu salsaa bu siiw la woon. Ndaw si moom da daan dajale, di def i màndarga ci yarami nit ñi. « Japonaise » bu am xaalis la waa ji doon séyal.

Ku jigéen ki amoon faru tubaab. Ñu daje ci lu kenn sàkkuwul (feetloo). Ku jigéen ki doon jéem a yey ab jaaykat ci kafe naan ko juróomi fiftin yu ëpp walla des yàquñu dara ci njëgu paketu sigaret.

Liggéykat bi moom di muuñ rekk waaye taxaw fi mu taxaw temm.

Am ku ko féete ginnaaw, jox ko juróomi fiftin jaarale ko ci kow mbaggam. Mu geesu, muuñ bi mu xàmme kanam gi, ne ko « jërëjër », daldi gaawtu denc paketu Marlboro bi. Kooku muuñ ko, woo ko, ñu naanandoo.

Dox moo ko gënaloon, ñu dox.

– Bëgguma salsaa waaye xam naa la, ñépp a la xam !

Ñépp a ko xamoon ndax waa ju siiw la woon, ak muuñ gu rafet ak bët yu rafet.

Ndaw si siiwul woon, li ko neexoon daal mooy dajale. Da daan dajale ay kaasi weer yu mu daan sàccee ci baar yi, ay kubéeri bitéel yuñ ubbi ci xew-xew yees dul fàtte.

Suufu tefes yi, ay xalima yu yéeme, ay sondeel yu jóge ci jàngu àddina sépp ak yenn yu mu defar moom ci boppam, jox leen melo (jëfandikoo ci ay garab), ñu jóge ci xottu nen, ay bitéeli lajkoleñ, moom daal lu mu am rekk. Lu nekk la daan dajale, yenn saay, su ko neexee, muy jam (tatouer).

– Am naa faru tubaab te day ñëw weer wu nekk, nuy naanandoo sàngara, daf may may ay téere ak i sondeel, bindkat la.

Mu laaj ko tur wi, xéy-na dina ko xam waaye ndaw si dafa bañ.

– Kenn warul di jéebaane ay faram. Ba pare... dafa am jabar, ni yow.

Nit ñu siiw ñi amuñu seen dundug bopp. Ñépp a xamoon ne am na jabaru japonaise, mu binni, xalaat ne péexte daal mooy ñu bañ laa xàmme. Ngay dox ci mbedd mi te kenn du la xool walla di yéemu ci oto bu bees bi la soxna si la magee ay at may, soxna si nga xam ne safatu la, soxna si nga xam ne li ëpp ci at mi da koy tukki, ni yow, waaye ci yeneen fànn. Mu ne :

– Koŋ-koŋ, di fëggaalee dënnam. Dangaa jekki-jekki rekk noppi, koŋ-koŋ Xol su Ndaw su Tiis, man mi foogoon ne woykati salsaa yépp a saf-xorom.

Waa ji bëgg koo neexal, yóbbu ko cib « xawaare », waaye ndaw si bëggul xawaare salsaa ak yu mel ni wëraalu ci bitig yu am maanaa yi, wàccee cib oto bu daanaka kenn amagul walla nga nekk cib « lekkuwaay » ñépp di la xool.

– Dafa am lu ma la bëgg a laaj : guddeek bëccëg, lu la ci gënal ?

– Mbuubkat laa, kon nitu guddi laa.

– Seddaay walla tàngaay ?

– At mépp ci tàngoor la nuy nekk, seddaay moo ma gënal. Te laaj yi nag, doy na, sonn naa ci taskati xibaar yi !

– Waaw, benn rekk, mu jeex, benn kese : xaj yi walla muus yi ?

Mu muuñ

– Sama kër yaay, am naa fa ñaari muus : Ochün ak Changé.

Ndaw si muuñ, màtt tuñ yi.

— Baax na, duma dem ci say « xawaare » waaye mën nanoo gise, ñaaroo.

Kon ñuy wéy di gise. Ndaw si da daan xaar waa ji woo ko su noppee, su ko defee, ñu dem géej, sori dëkk bi. Da ko daan indaaleel ay kaasi weer te daan bind bés bi jot ci kubéeri bitéel yiñ daan naanandoo. Laata loolu, ci biir ak bu weesoo yépp, dañuy baane. Waa ji moom di ko déey ay woy yu daw yaram jamono ji koy ndaw si foon fu ne ci yaram wi. Weer wu njëkk wi, bi tubaab bi ñëwee, daf koo fàggu, ne ko du fi nekk ab ayu-bés. Waa ji laaj ko :

— Nob nga ko ?

Ndaw si muuñ, waxul dara.

Su fekkee noboo ko, lu tax doo ko bàyyi te nekk ak man ?

—Konj-konj, Xol su Ndaw su xalaatul lu dul boppam, sama bindkat daf may seetsi, su

« Japonaise » bi dellusee, yow tamit dangay bër, duma la gisati.

Waa ji am lu mu bëgg a wax waaye dafa màtt tuñam.

Ca ëllëg sa, mu bindal ko woy, ndeysaan di ko nég ayu-bés bi yépp. Weer yi nag soppiku ay jamono yoy : tubaabeey moom benn ayu-bés, liggéey bi ak japonaise bi am i fan, ci li Des ñoom ñaar a koy féetéwoo.

Am na yoon woo xam ne dañoo daje ci benn « marina » (wetu géej), sori dëkk bi. Ndaw si naan liminaat ak galaas gu bari. Bindkatu tubaab bi nekk ci wetam, di jàng, ci jant bi. Moom mu wàcc ci oto bi, jegesi, tēye loxo jabaram. «Japonaise» bi xàmme bindkat bi, daldi taxaw. Moom mu gis ndaw si. Jabar ji gën koo jege, daldi koy déey, wax ko kan mooy ngóor su bejjaaw soosu te yor ub surnaal. Mu ni ko waaw ak bopp bi, ubbiwul gémmiñam, xamu ko woon.

Ñu wéyal seen yoon, bi ñu tollook ñoom, «japonaise » bi nuy bindkat bi doon door a yëkkëti bopp bi. Kooku sëgg. Mu naan liminaatam.

Bindkat bi muuñ, xoñoñ ndax liñ ko xàmme. Mësuño waxaat ci ndaje moomu. Bëggul woon yëy, yàbbi ci. Ndaw si moom di foon deram bi yépp, baaneek moom definu saa-espaañ.

– Konj-konj di fëgg dënnam. Xam nga ne dama laa nob, man ?

Ndaw si may ko ab sondeel bu yor melokaanu yéet. Benn guddi, mu egseek mbégte. Indaale téere bu ko bindkat bi jagleel. Ñu koy jaay fépp ci Ęrob teñ bind turam ci xët wu njëkk wi. Téereem la, Moom ci boppam.

– Daf koo def ngir baab la. Man, mënoon naa laa jagleel disk waaye kon sama jabar day bëgg a xam yaay kan te ni nga koy waxe : «warul ngay jébbane ñi ngay ngoroyool... »

Mu ree, bég, daldi foon téere bi, sex gémmini woykatu salsaa bi. Far wii, di ko woo telefon su nekkee tukki, di ko nettali sedd bi, guddi yi, ay bitéel yu muy jënd ngir ñu naanandoo leen. Bi mu ñibbisee, indaale ay yénekaay yuñ def i nataalam, ay taskati xibaar, ni ñuy siiwalee ay diskam ak i xalima yu yéeme yum ko bëggoon a wutal ngir mu yokk Ndajale mi.

Bés, ni mu ko fekkee, daf koo xaw a jaaxal.

– Ndaw si ne ko : du dara, sax de. Damaa soxla woon daa rekk, dama war a jam te amatuma daa. Dafa am solo lool, xam nga ?!

Mu dimbali ko mu am daa, noonu tiis wa tàggo. Mu bég.

Ndaw si, mujj gi, du def i màndarga yooyu lu dul ci jamono yu néew. Bés, su waa ji béggee, mu defaral ko ci yaram wi. Moom ci boppam, amu ci woon sax benn waaye noonu la ko mène woon te daf koo neexoon lool.

Benn ayu-bés topp ci, « Japonaise » bi dellusi, waa ji gisatu ko. Jabar ji nekk ak moom lu ëpp weer ci kër gi, moo tax mënul woon lu dul di woote, benn yoon la ko seeti seeti gu gaaw te ànd ak njuuj-njaaj. Séyam neexatul woon, déggoo gi daal suñ daan wax waxi tukki ak pas (contrat) lay doon.

« Japonaise » bi gis ne jëkkër ji dafa xaw a tëye boppam, kooku di lay naan tangaay bi la rekk. Ndaw si gis ne woyi mbëggeel a ëpp ci fent yu yees yi, waa ji ne ko «du jikko, jamono la». Ndaw si gis ci kow armuwaaram ay sondeel yu doy waar, waa ji ne jafe-jafe mbëj mi la. Ca aydapoor, ndaw si kott ko, waa ji foon ko ci jë, ñaanal ko tukkiib jamm. Ñaari simili ginnaaw bim ko gisee ci seetu oto mu ne mes, la dugg ci ootom, seetiji Kooku. Waaye fekku ko fa. Guddi gi ci topp lañ gise, bég ci li seen yaram laale.

Xamul woon ne « Japonaise » bi dem na. Mu xamal ko ne nekkul këram ndax dafa xamanteek benn « cinéaste » español, waa ju am ñam, dañuy nekk di waxtaan ay waxtu.

Waa ji dafa bëggoon ñuy gise nu mu gën a baree, mu laaj ko kañ lay tubaab bi dellusi. Ndaw si ne ko :

– Du delluseeti, jeex na. Kooku dof la. Yoon wii weesu, daf ne ma woon jabaram xam na lépp ; moo ko ko nettali ndax dafa bëggoon a bàyyi njabootam, yóbbu ma Pari, ma dëkk fa ak moom. Waaye man bëgguma loolu, nobuma ko, moo tax sunu diggante yem fi.

Waa ji binni ak péex gu mu nëbbul, daldi koy kott bu baax.

– koŋ-koŋ, Xol su Ndaw su téxét, léegi nag, fii ngay toog, ci man.

Mu muuñ, jël làmmiñ wi, mar catu bakkenu waa ji. Mu ne ko dafa bëgg a naan liminaat, su noppee ñu baane ci lalu « japonaise » bi. Guléet ñu baanee ci néeg bii.

Waa ji bëggul woon mu ñibbi ci ëllëg si, dafa bëggoon mu xaar ko ci kër gi ba ci guddi gi. Ndaw si def noonu, xaar ko, taatu neen, cuuraay liy gilli fépp, ba ci roq-roqaat yi. Waa ji guddee naa ñibbisi, sotti rhum ci yaram wi yépp, di ko mar ba màndi. Ca suba sa, duɗɗ booleek yaram wu tas, waa ji bindal ko beneen woy, bëgg mu toog, bañ a dem. Ndaw si daldi toog. Ci kër waa ji la ndaw si seetaanee « xawaare » bi ci tele bi, mu doon gaaral misig bu fental jigéen ji gën a yéeme ju mësul am ci àddina si.

Ndaw si bég, waa ji ñibbisi, fees ak mbëggeel.

Daldi tukki Japon, jabar ji doon ko fa xaar ak genn pasu juróombenni weer ca Europe ngir fësal disk bim doon tàmbalee « *enregistrer* ».

Waa ji sawar, waaye nobul japonaise bi, kii la nob, moom. Moom it, mu teeru kook bitéelu biiñ bu Espaañ ak xemmem yaram wi, bëggul wii yoon toog ci kër waa ji. Dafa tàmbalee woon « *enregistrer* », di yendu studio. Ñu dogal di gise su leen ko liggéey bi mayee rekk. Dooleem jépp la daan def ci woyam yépp. Suy xalaat ndaw si, dina feccloo àddina sépp, tēf-tēfil xolu Europe gu njëkk ga.

Bés bi mu paree « *enregistrement* » bi, dafa seeti ndaw si, yor i tóor-tóor. Mu jënd keesu sàngara, ñaari keesi biiñ, ne ko ñu xew xew wu am maanaa. Noonu, ñu tēju ci néeg bi.

Waa ji dugal tontukaay bi, daldi wàññi riiru telefon bi.

Ndaw si taal cuuraay, daldi summeeku. Bi bitéel bu njëkk bi di waaj a jeex, waa ji ne dafa am mbetteel mu mu koy defal. Mu ne :

– Danga may dofloo, damaa dof ci yow. Dangaa soppi samag dund, danga maa salfaañe lool te warumaa nëbb samay yëg-yëg. Yow laa jagleel disk bi, du yàgg mu génn, sa tur a ngi ci posetu disk buy jaay ci àddina sépp – daldi muuñ, fëggaale dënnam. Koŋ-koŋ, dama laa nob, Xol su Ndaw su téxét.

Ndaw si lonk ko di mar noppam yi. Ndaw si di kof-kofi ndax loxo waa jiy dawaat ci ginnaawam gi yépp, muur yaram wi yépp. Ndaw si foon ko ci tuñ yi. Ne ko :

– Kontaan naa, daldi dandu tuuti. Dama laa bëgg defal loo xam ni am na solo lool, ma bëgg laa ñaan loo xam ni dina nu boole ba fàww, ma nekk ci yow ba fàww... may ma defal la ab màndarga (jam).

Ndeysaan, waa ji yëg lu réy, lu yéeme, daldi màtt tuñ yi. Noonu mu jolu bitéel bi, mel ni kuy waaj a say ndax mbégte, mu nangu. Ab nataal la woon ci doq gi, nataal bu doy waar, tuuti, moom kenn. Bi ndaw si paree, waa ji dafa màndi, sonn ndax li mu dëngal bopp bi ay waxtu, nelawul. Ndaw si raayal ko kanam gi, daldi jóg di naan liminaatam, di ko xool muy binni. Dëggalees na tukkiib juróom-benni weer yi ca Europe, mu war koo amal weer wiy ñëw. Disk bi pare woon na ngir génn. Japonaise bi ñëw toppatoo yu sew-sewaan yu mujj yi, dellu tey wax ci xelam bu lii lépp weeso dina am ak jëkkër ji waxtaanu dëgg ci doxaliinam jamono yii nii.

Wa ji ne :

– Disk bii dina am ndam lu réy, xam naa ko, tëdd ci suuf si di xool jant biy so.

Ndaw si tëdd ci wetam, ne ko :

– Sa dund dina soppiku, mën naa la koo waatal.

Waa ji ne :

– Soppiku..., daldi wëlbatiku, xool ko.

Koŋ-koŋ, Xol sama, sama xolu bopp... dama doon xalaat soo ñëwoon nu ànd ? Nanu nekk maak yow, na sama séy bi jàll ca xaj, yow laa nob.

Ndaw si wēlbatiku, fuddu. Daldi muuñ.

– Jeex na, man moom, nobuma la.

Waa ji di gëmm ak a xippi, naan ko waxal dara, waaye ndaw si dagg ko, yokk ci ne ko dafa am beneen far, du ko wax turam nag waaye daal cinéaste español la, loolu rekk la. Te tamit jàpp na ne du woon xalaat bu baax muy tàggook jabaru lijjantikatom ci jamono jii mu nekkee ci tukki bu amee nii solo. Waa ji dawale loxoom ci kanamam, mënu koo gëm.

– Waaw, léegi nag...? Sunu mboor mi...?

Ndaw si raayal ko kanam gi, daldi jóg, fëggatu ngir teqalikook suuf si, ne waa ji soxlawul mu koy gunge ndax guddiwul te faru españolam bi dina ko jëlsi léegi fu soreewul ak fii. Waa ji jóg, bëgg a wax dara waaye mujj ni patt ak naqar wu réy.

Mu ne :

– Koŋ-konŋ, Xol su Ndaw su ràkkaaju, di fëggaale dënnaam. Ndax wax naa la bés ne bëgg naa la ?

– Mu foon leexam bi, tooyal ko ak ñaq, daldi def i jéego.

– Xam nga ko ? Man nag, damay mbaraan, loolu daf maa neex, wax dëgg-Yàlla moo may bégal. Te yow miy wër àddina si, dinga mën a xàmmees sama màndarga, am na ñu bari ñuy doxontook nataal bii ci seen doq-mu muuñ. –Te ñoom ñépp a siiw.

Waa ji woykatu salsaa bu siiw la woon, tukkiib Europe bi di ndam lu réy. Ndaw si di mbaraankat bu daan màndargaal (tatouer) ay faram. Waa ji tasoon séyam ak jigéen ju am daraja, ab doomu Japon. Ndaw si amoon far.



# Otel bu Mag bi

---

*Carol Zardetto*

« Waaye ci dëgg-dëgg, ndax diisaay dafa raglu,  
ndax oyofaay, moom, daa rafet ?  
Lenn rekk a wóor.  
Ni diis ak oyof safaanoo moo gën a yéeme,  
gën a doy waar ci safaan yépp. »

*Milan Kundera. L'insupportable légèreté de l'être.*



Noo ngi xamantee ci benn bérébu ñeeñal. Ñaar-fukki at ci sunu diggante, terewul nu am buumu jokkoo : tey, mu ngay dund cib otel bu sama pàppa moomoon bu njëkk te léegi mu nekk taax mu réy mu yàqu. Bi mu tuddee turu otel bi jaxase na ma, mel ni su gan summee cër bi gën a sori ci nun.

At yi daanu ci mbir yi ak ndam lu yem, fexe naa tabaxaat ag dund gu soreek mboor moomu. Nuria xamu ko woon waaye mboor moomu loke bunt bu tēju woon la. Bi mu tijjeekoo, xet gu bon a fa génne. Xetu miir bu réy bii di fàtte.

Xamal naa ko ne sama pàppaa moomoon otel bii. Yëg naa ci sama baat naqar wu yàgg lool te am naa ci kersa. Dafa rëcc sama put ànd ak jamono ju neexul a dékku. Ndax day am ci dundug doom-Aadama ay jamono yu tar. Ci misaal jamono ju diis jees war a xàmme ca morg ba néewu nit koo bëggoon. Gisul ne damaa jaxasoo. Ci li ma foog.

Ginnaaw gi mu ne bëgg nanu dajewaat benn bés ngir waxtaane otel bi ; otel bi ma xamoon walla xéy-na bi mu xam léegi. Li mu bëggoon daal mooy nu waxtaan ci ndox. Ndax jamono ak ndox ñoo yem, day nasaxal ak a soppi li muy laal ba fàww. Mu bëggoon nu waxtaan ci kéemtaan giy mbir yiy soppikoo.

Nu joxante ndaje mom maa ko tay bëggoon koo dàq sun ca tolloo. Waaye naka bés biy jegesi, may yëg ni ma bëggee nettaliwaat li ma weesu. Moo tax dem naa ca ndaje ma, maa fey sax faktiir bi, ngërëm la ci waxtaan win séq mu xolli samay góom.

Nu laaj benn butéelu sàngara. Xoolam dafa leer nàññ. Gisuma ci xoolam fenn foo mën a teg sa tànq. Xéy-na li nu dul ay maas a ko waral. Gisuma ci Nuria samay góomi bopp. Maas gu ne ak i góomam, rawatina ci réew moo xam ni ba àddina di tukki day màndaargaal mbooram.

Noo ngi naan tey doxantuwaale ci waxtaan wu xóotul dara.

Nuria bëggaat ma dénk ko samag pàttali. Xamul sax li muy laaj. Naka la ko mën a xamee ? Ma yëg ni bëggatuma cee dellusi. Maa ngi naan ci sama xel ndax sama xol dina ko nangu. Sama pàppa daa ànd ak samay jafe-jafey ngune. Xéy-na damaa waroon a déglu sama xel, bañ a demEEK yëg-yëg. Bañoon a ñëw moo doon gën waaye béy wéy na mbuus.

Xale bu góor bu njool te rafet jegesi, nuyu Nuria. Maa ngi xàmmeesi lii ci nit ñi may dajeel : taaru ndaw ñi. Léegi, dafa mel ni xale yépp a rafet, ndax ay xale lañu, seen der dafa set, ni ñuy màggee ndànk saamandaay ay garab yu ndaw yuy jebbi ak seen leeraay. Mu am lu mu ko déey, Nuria soppiku ci saa si. Leer na ne bataaxel bee ko jaxase. Mu daldi jéggalu, teg ci ne dafa war a génn tóx ab sigaret. Sama nataalu pàppa ganesi ma ci péexite gu réy gi ma roq bu lëndëm bi ma saal bi may. Li ma jaaxal mooy su ma koy fàttaliku, day mel ni ku ni jodd cib nataal. Benn dogitu yéenekaay bu desee leer bees magal ci yéenekaay bi ëpp doole ci réew mi; mu ngi sol west bu yànj, yor kaasu sàngara ci loxo bi, ay tóor-tóor yu weex ci taatu kaas bi. Amoon na lay wu réy ngir xew : ubbite otelam bu bees bi, guddi googu.

Bérébu ñi gën a am doole ci koomu kafe, lijjanti bu mag la, di wone ndamam, janook Club Guatemala. Ñu ngi ko ubbi ci atum 1954, atum dëj mi waa Amérig daane njiit Árbenz. Oto yaa ngi toppante di wàcce gan ñu am maanaa ñi ci juróom-ñaareelu xàll wi. Guddig ndam googu, démbug doomu doxandéem bu sori woon lool ndóol !

Sama pàppa daawul yëy yàbbi ci. Waaye ni at yiy demee, may jot ay daggiti yéenekaay yuy wax ciy mbiram. Su nit ñi maandu woon, dunu mës a xam dëggantaan nax yi tabax li nu jàppee woon « sunu dund ». Ci dogiti yéenekaay yii laa xamee ne ngóor su amoon xalis sii ak doole tàñki neen la daan def cag ngoneem.

Xamal nañ ma ne sama maam ju góor dafa fowe woon àddinaam te ku bëggoon jigéen la ak tiyaatar. Ay naxee-mbaay ya ko jële woon

dëkku Véronne ba Amérig : yokk ndono li mu foqati woon daanaka ci yaayam. Dogoo geek njabootam, bariwaay ak rafeetaayu garab yi, jafe-jafey tabax. Sama maam ju jigéen *piyaanist* la woon, daan awu ay woykat ak ay fecckat yu mag. Ku rafetoon la waaye taaraam eggul woon ci tëye sama maam ju góor ju weexoon bët. Ginnaaw mënul woon a dékku fiiraangeem, mu sóobu ci naan sàngara ngir féexal xolam.

Tubaab yii doonoon jëkkër ak jabar yu daw-làquji ci menn réewum Amérig mu tekiwul dara, rëccoon nañ ci mbir yu bari. Waaye bi ci gën a fës mooy kenn ku nekk ci ñoom ñaar ragal a dékku dëgg.

Ni mu ma wóoree ne bëggumaa niróok sama baay la ma wóoree ne moom it mësul a bëgg a niróok baayaam. Doyadi gi baayam nekkee woon dafa taxoon sama baay wéet lool ci àddina, war a góor-góorlul boppam. Teel a xam àddina googu moo ko def tey ki mu doon : góor gu mat góor. Yaafus dafa mel ni woon takkndeer ci moom, doyadi di noonam. Bi mu amee fukki at ak ñett rekk la sos lijjanteem : di jaay ay liminaat ci benn sareet bu mu daan luye bés bu jot. Dafa rafetoon booleek teey gi mu jélee woon ci baay bi. Yii ñoo doon ay ngànaayam te xamoon na bu baax naka la leen iy jëfandikoo. Dafa mës a réy bët... te dara daawu ko woon tëye. Tey, mboor jox na ko dëgg : ay at ci kanam, fa ñuy tudde ñi tekki, sama pàppa am na ndam ci bésu ubbite Otel bu Mag bi. Doole ji ko taxoon a rëcc moo tax ma bañ ko. Dooleem jooju moo ma tax a bëgg góor ñu yambar ñi. Góor ñooñu nga xam ni safuñu xorom, safuñu suukar, defuñu, dindiwuñu, neex a yóbbaaale ni xob, tasaaroo ni dóom.

Maa ngi koy gis ca guddi googa. Maa ngi dëgg baatam bu xuur bi, mën a bokk ci témeéri waxtaan yu ànd ak i kaasi sàngara, ñu feesal béréb bu yees bi ak ay kàddu yu neex. Ni mu amee baatin ciy mbir yépp taxul woon mu njort ne tiis wu réy ay topp ci bésu ndam bii.

Nuria delsi na ci sunu taabal te xawma lu may wax ci digganteem ak xale bu góor bi. Xéy-na dañuy ngoroyoo. Walla boog ñu ngoroyoo ba bàyyente. Dafa mel ni ku jaxasoo, woo na seerwëer bi, sant ko mu indil ko benn liminaat tekilaa. Laaj naa ko lu ko dal waaye nee na waxi « sàmbaabóoy » bii jarul yàq jot. Ngir soppo wax, ma jàll ci samay kasaw-kasaw. Ma wax ko ci nataal, fàttali guddi googa, ubbite Otel bi.

Waaye tudduma sama pàppa. Ci mbir yi daal laa nekk : lu deme ni làmp bu réy booba te amoon ay toqi cristal daan sànni ay melax-melax ci saal bi, eskalyee bu mag bi daan wàcc ñaareelu taax mi di saamandaay piisu suwaa bu weex. Xéy-na mbir yi mën nañoo tabax ay *ponts* yu nuy jokkale, xadd ay béréb yu ku nekk ci nun mën a dëkke ci jamono yu bokkul. Fii nag la jafe-jafe bi ne : sunuy dundiin yu wuute.

Day reetaan su ma koy wax ay mbir yu doo waar. Làmp boobii da ne mes, jóge ca batimaa ba, ba noppi eskalyee ba salte ba doo mën a xam lees ko defaree. Ètt bu mag bi ngay jot ci buntu bi, leer ñàññ ak « *hall* » bu yànj bi dañoo fees dell ak i njaay. Ab bérébu taar bu xat bu neex lool wëndëng yi, saalu powum widéwoo, ña fay ñëw di ay gĩskat, ay bitigi yère yu saa-Kore ak benn bitigu téere Injiil.

Am-am gu njëkk ga suux na ci nawetu mbooloo miy meññ ci Bérébu mboor mi xasaw ak saw te buus. Nuria day tàkk suy nettali jamono jooju ba pare di jay Dëkkaani « *Centre* » bi. Ci biir mbégte mi da cee boole weccikati dolaar yiy biw ñiy romb ci bunti otel bi.

Su ma xalaatee mbir yi nekk ci nataal bi nuy waxtaane ak ni ñu nee mes daf may yéem : màndargay alal ak sama kanamu pàppa gu leer gi ak bët yiy tàkk ak tiis. Teewaayam moom it, dees ko simpì ni lu amul solo lees war a sànni. Jamono ji la, loo nàndul, ba mu des su nuy lim xew-xew yi jur lii. Jamono jee def nataal bii lu dul dëgg, lu kenn mënatu a dund. Nax la, ndax tey alal jii yépp dafa mel ni du dëgg ; kenn mënatu koo dundaat, ndax sama pàppa dëddu na tabax bii ko niru woon lool ... te tamit génn na Àddina.

Ñaar-fukki at topp ci, genn ngoon ni ngoon yépp, mu tàggook dawalkatam, dawalal boppam, jàpp yoonam. Ci jàddukaay bi, mu gaare ootom ba mu jekk daldi sox boppam balu fital. Xibaar bi génn ci yéenekaay yi. «Ab lijjantikati bu mag a mag», nii lañ dàkkantalee sama pàppa. Xew-xew bi réy ba ab yéenekaay def ko xët mu njëkk.

Boo sàgganul, de, guddi gi yépp waxi nataal lay doon. Bii nii, sama pàppa bokku ci, waaye lu ma xam lool : ootom. Ci nataalu ootom laa yègge dee gi, oto bi dafa bokkoon ci moom, su ko wacce nii, doy naa waaru. Bi ma gisee ñu siiwal ko, yéem na ma, xawma lu yëf yiy niru.

Yaakaar naa ni sama pàccu dund gii warumaa koo nettali Nuria. Du caagénu soppa guddi giy door li mu ñàkk. Moo nu ci génne ndax dafa dañ kumpa, bëgg a xam lu bari ci nataal bu yàgg bu otel bi. Doonte am naa yéene ju rafet, dee rekk ay féete kow ci sunu diggante, mel ni ku nuuru ci ndox te mēnatul xaar dara su noyyiwul ci saa si.

Ma xamal Nuria ne nataal bii làmp bi nekk ak i toqam yu réy ak eskalyee bu weex bi, samay mag yu góor ñoo ma ko mayoon ay fan ginnaaw dēju góor gi. Te jaadu na ndax jamono jiy nataal bi am juddooguma woon, moo tax mēsuma koo gis. Xéy-na dañoo njort ne xale bu jigéen bu am fukki at ak ñett war naa yor ci baayam nataal bi gēn a baax. Xéy-na dañoo yaakaar ne su dul loolu mēn naa fàtte sama pàppa.

Laata ñu ma koy jox, dañ ko suweer ba mu jekk, jox ma ko ak cër, cëru mag ci rakkam. Mooy bés yi topp ci dēj bi, lépp di warteeff ci biir kër gi. Ku la jege lool su génnee àddina, sutura uññee ku. Mbokk yi dēj bi jàpp pare ngir dige pàttali ba fàww, màggal xel mi, wattu néew bi nga xam ne yēgul dara ci sunu diggante yi nuy ñaw, di nelaw ak yēreem yu yànj ci biir keesam. Ñu bëggoon nag, man seen rakk ju jigéen, ma bokk ci déebaadéeb yi waaye tamit ci dige yi.

Janq bu sew laa woon te njool, di jóge ci xale jëm ci jigéen. Ay ayi-bés ci ginnaaw, sama pàppa daf maa génne ci ekool bu naqari boobu ngir ekoolu jigéeni Jàngu bi. Xawma lu waraloon jéf jii ci saa si ndax daf ne ma woon dinaa toog at yu baree bari door a ñibbisi Guatemala. Looloo taxoon ma mere ko.

Sama pàppaa ngi xaar ci biroom, sew ruji, kanam giy daanu, bët yi tiis. Waaye bi ñu ma gisee, bânneex bu réy a réy la ñu fësal. Mu laaj maak mbégte ndax li ma jàngu woon bitim réew neex na ma. Daf ma yóbbu woon fu soreek fi ma jàppe woon «sama kër» te loolu neexu ma woon. Xuloo yu metti yooyu nga xam ni dama ciy lajj saa-su-ne ñoo taxoon ma yaakaar ne daf may wut. Tontu bu gàtt laa ko tontu. Nu tàggo ci lu gaaw. Mu ni woon coono tukki bee ma jàpp, sama yaay tamit yàkkamti maa gis. Bëgg na ma teew ayu-bés bii di ñëw ci xewu bésu juddoom. Ma ni ko waaw ci lu dul sama coobare. Jàppoon naa ni mooy xewi njaaboot yoy dama leen iy fàttaliku niy metit.

Bésu aniweerseer bi, ni nu ko waxante woon, sama oto pàppa jëlsi ma. Waaye dawalkat bi kesee dellu, àndumaak moom. Bégoon naa ci sama bopp : ndoortel la ci pexe yi ma laloon ngir fippu, jaamaarlook dooleem. Waaye liy ñuul ci soow mi mooy gisewaatumaa ak sama pàppa. Xibaar bi ci toppoon mooy nataalu oto bi jël beneen yoon ba noppi ñu bàyyi ko ca wetu tali ba. Deewam damaa bett lool. Sunu digaale jeex ndànk, dara yënguul. Dafa mel ni rekk ci po mo xam ni misig bi day riir bi ñépp di dox ci diggante ay siis, ku nekk bëgg a toog. Fàww mu am ku amul siis, daldi génn ci po mi.

Ak deewam, misig bi dafa jekki-jekki yem fa, ma xam ni amatuma wéeruwaay. Xam naa ne léegi bokkatuma ci po mi te awma ku ma mën a leeralal li sunu diggante tekki woon.

Ma delsi ci Nuria. Ndax day réccu dogal bu bon bi ko tax a dajeek man, tey ? Xam naa dafa yaakaar ni jigéen ju noppi laa.

Xale la, ndeysaan ! Bëgg naa koo bégal, nag. Waxtaan ci neexaayu at yi nga xam ne nit ñu siiw a daan dal ci otel bi : María Félix, la Tongolele, Cantinflas, ba ci Ronald Reagan bi mu nekkee jëmmalkat. Mooy otel bu njëkk bi gën a am doole ci dëkk bi, ma nettali ko. Waaye dafa mel ni soxalu ko. Mu jubal fi muy mettee, daldi laaj : naka la daanu otel bi doore ?

Ma bëgg mu jóge ci béréb bu naqari bii. Ma wax sama xalaat ci lekku baar bi di xalaataale laaj bu am maanaa bii. Mënumaa tëb rekk ne ko sama daanug pàppa ak xéy-na tamit deewam am na lu leen sooke, di reen ba : biñ « sàccee » sama mag ju góor. Musiba mii da ne jamet mel ni lu bawoo ci boyetu mbetteel di nu ñaawal. Duma ci wax guddig tey jii. Dootuma ko xalaatati muk. Ma laaj Nuria lu tax mu dëkk ci béréb bii di ñaanaale ci sama xel faxas ko ci otel bi mu mel ni ab nataal bu ñàkk worma. Nuria laaj ñaareelu butéel. Bi nu koy naan, mu ngi wax ci ñi dëkk ci otel bi, takndeer yiy romb ci xàll yi guddi gi ; teeraas bi nga xam ne soo fa nekkee dangay séen dee cig neen ak tiitaange nit ñi ñiy song ci mbedd mi. Mu nettali ma ne day génn ci teeraas bi guddi gi ngir tóx lu bari su ko xataayu néegam dee fatt. Maa ngi kaf ak moom, naan ko soo demee sama pàppaa lay feeñu ba ngay bëgg a fatt. Xéy-na, ci dëgg-dëgg, man la pàttaliku lajjam di fatt.

Jàll na ci leneen. Mu nettali ma ne ñaari at la defagum ci péey bi. Nee na dëkk bii dafa metti. Ma ni ko bumu juum. Dëkk yépp a metti. Walla boog dëkk yépp a metti te neex. Mi ngi aju ci catu buum gi ku nekk gën a jege. Nu noppi ab diir. Guddi gi jekki-jekki jeex, ba nook ay desitam : butéel yu amul dara, desiti reer, waxtaan yu eggul, Nuria dafa bëgg a ñibbi, tēdd. Nu ànd dox ba ci buntu otel bu mägget bii gën a nekk léegi otelam. Ci bunt bi laa ko bëgg a tàggo.

Waaye Nuria jàpp sama loxo, jēme ma ci biir. Bëgg nu jël kaasu sàngara bu mujj. Nu dugg ci néegam. Amul kaas bu mujj, dafa jafal sigaretu yàmbaa. Mu dawalal ma ay taalifam. Ma bàyyeeku,

jéemumaa xam li baat yiy tekki. Ginnaaw gi, nu waxtaan ci lëndëm gi. Nuria di fowee xelam, bëgg gëm ni ci néeg bii laa mujjee gisanteek sama pàppa. Mu laaj ma : lan nga ko mësul wax ? Lu tax nga yaakaar ni lu mel nii am na ? Ma bëgg a jàll waaye xam na. Mu tontu ne saa-su-ne dees nay denc lu am solo lees war a wax ba mu faf weesu.

Kàddu génnul sama gémmiñ. Mu tàllal ma këyit : bind ko fii. Kenn soxlawu koo dawal. Ma bind baatu pàppa, sama fit ne tēf. Baatu baal topp ci, may lox. Bi loolu weesoo, baat yiy wadd ak doole ju jéggi dayo. Ma faram-fàcce sama pàppa naan ko maa ngi denc ci sama xol jéyya jooju, su ma ubbil woon bunt bi tàkkusaan googu, su ma bàyyiwul woon sàmbaabóoy yooyu sàcc sama mag dugg ci kër gi, kon tey musiba mii yépp du am. Tiis yii yépp ak dēj yiy ñëw ak bés boobu ma sàgganoon ñoo ànd.

Mënoon màggee ci wetu yaay, moom mu wéyal dundug góor gu rafet, am doole, yëg ko... Su ma ubbiwul woon bunt bi, mboor du nu dab tey. Fent la, amul solo waaye sama dëggu xel la. Ma nangul ko ni deewam tiis na ma, xawma nu ma koy fáttee te tamit amoon naa cofeel ci moom doonte leeru ma woon lool.

Nuria laal sama loxo. Léegi, bàyyil lii. Du caagénu dangay dund ci ay fen yoo xam ni yaa ciy lor sa bopp. Danuy taal sa këyit gi ngir far ko ci kéew gi. Baatu pàppa moo njëkk a lakk, njéggal topp ci ak muk. Kayit gépp tàkk ba jeex tàkk. Yaxal biy door a juddu moo soppeeku dóom.

Bët set na, sama waxtu dem jot na. Damaa bëggoon ne mes bala li may yëg ci sama biir xol di taxaw. Damaa sulli woon pàttali gu naqari. Béng naa ci woyof gim ma indil... tàqamtiku naa ci ci lu gaaw. Waaye bi may génn, ngelawu suba si di upp, lenn rekk laa bëggoon : dajewaat ak diisaayu mboor mii. Waaw, ñaawaayu légét bi laa bëgg. Metit wuy gètën wii laa tàmm. Te daf may lëkkaleek sama pàppa.

Juróom ñaareelu xàll wi yoon wu dóomu-taal la te wéet. Mu mel ni maa ngi gisaat oto yu réy yu ati juróom-fukk yi daan wàcce gan ñi ci buntu kër ñi xewle. May yëgaat bu baax gone gi ma nekkoon te waa jii daan tēye loxo bi di ko jéggil.

